



New York City Comptroller
Scott M. Stringer

Manyèl sou Dwa Imigran ak Sèvis pou Imigran

Enfòmasyon Enpòtan Ou Dwe Konnen pou Patisipe nan lavi Vil New York

2015





New York City Comptroller
Scott M. Stringer

Chè Konsitwayen nou yo nan New York:

Se yon plezi pou mwen prezante ou premye Manyèl sou Dwa Imigran ak Sèvis pou Imigran nou pibliye pou premye fwa nan Biwo Kontwolè Finansye Minisipalite Vil la. Manyèl sa a, ki se yon gid pou jwenn enfòmasyon enpòtan ak resous sèvis legal, resous sèvis sosyal ak resous kominotè, pral sèvi kòm yon gid enpòtan pou kominote imigran yo ki nan Vil New York. Li bay kèk lyen enpòtan tou pou jwenn resous vil la, resous leta ak resous federal ki disponib pou fanmi, elèv, travayè ak antreprenè imigran yo.

Pandan anpil syèk, Vil New York se te yon modèl opòtinite pou imigran ki soti tout kote nan lemond. Imigran yo te rive nan New York, yo te pouse rasin, yo te louvri biznis epitou yo te fasilite kwasans ekonomik lan ki enpòtan anpil. Nan yon efò pou asire imigran yo jwenn opòtinite pou yo gen siksè ak bay kontribisyon yo nan kominote yo ak nan vil la anjeneral, nou dwe asire yo gen aksè nan sèvis swen sante, sèvis legal ak sèvis sosyal ki kapab ede yo pwospere.

Manyèl sa a bay enfòmasyon sou domèn kle tankou dwa travayè, èd pou ti biznis yo, dwa konsomatè ak anpil lòt sèvis ki asire pwosperite pou imigran yo nan Vil New York. Pou bay repons pou dènye chanjman nan règleman lokal ak federal sou imigrasyon, manyèl sa a bay enfòmasyon enpòtan sou fason pou pwoteje tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papye imigrasyon. Menmsi manyèl sa a se yon travay k ap kontinye, lespwa mwen genyen se pou li sèvi kòm yon zouti pou ede nouvo imigran yo pandan y ap fè efò pou pwosperite ak siksè.

Ak tout kè nou,

Scott M. Stringer

Tanpri Sonje

Biwo Kontwolè Finansye Minisipalite Vil New York ap fè tout efò pou enprime enfòmasyon ki egzat ak fyab. Nou pa bay okenn kalite garanti, pwomès oswa reprezantasyon pou presizyon, fyabilite, si enfòmasyon yo oswa san enfòmasyon yo endike nan dokiman sa a. Biwo Kontwolè Finansye Minisipalite Vil New York pa pran responsablite pou itilizasyon oswa aplikasyon nenpòt dokiman enprime, epitou nou pa pran responsablite pou nenpòt erè oswa mankman.

Si w ap chèche sèten enfòmasyon oswa si ou bezwen èd avèk yon aplikasyon, tanpri kontakte ajans gouvènman an dirèkteman oswa yon gwoup ki pa la pou fè pwofi, si li posib. Si w ap chèche enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon ou, ou ta dwe chèche konsèy legal yon pwofesyonèl konpetan.

Tanpri voye chanjman adrès, sa ou ta renmen nou ajoute nan dokiman an oswa kòmantè ou ba:

New York City Comptroller Scott M. Stringer
Office of Public Affairs
One Centre Street, 5th Floor
New York, NY 10007

Telefòn: (212) 669-3916

Faks: (212) 669-7170

Imèl: action@comptroller.nyc.gov

Sitwèb: www.comptroller.nyc.gov

Mèsi Espesyal

Biwo Kontwolè Finansye a di mèsi pou moun sa yo pou èd yo te bay nan manyèl sa a:

Antonnette Brumlik, Administratè Prensipal Sitwèb, Biwo Kontwolè Finansye Minisipalite Vil New York

Angela Chen, Konseptè Prensipal Paj Sitwèb ak Konseptè Grafik, Minisipalite Vil New York

Miriam M. Gonzalez, Esq., Administratè Pwojè Espesyal, Biwo Kontwolè Minisipalite Vil New York

Archer Hutchinson, Prensipal Kreyatè ak Devlopè Sitwèb, Biwo Kontwolè Finansye Minisipalite Vil New York

Nicolas Rodriquez, Kowòdonatè Imigrasyon ak Afè Piblik, Biwo Kontwolè Finansye Minisipalite Vil New York

Jimmy Yan, Konseye Espesyal pou Direktè Envestisman, Biwo Kontwolè Finansye Minisipalite Vil New York

Biwo Konseye Jeneral, Biwo Kontwolè Finansye Vil New York

Sa Ki nan Manyèl la

Tanpri Sonje.....	3
Rekonesans Espesyal	4
Sa Ki nan Manyèl la	5
Dekrè Egzekitif Nimewo 41.....	6
Dwa pou Aksè nan Lang.....	7
Depòtasyon ak Gadavi	8
Avantaj Piblik	11
Swen Sante	15
Edikasyon.....	18
Vyolans nan Kay, Abi ak Trafik	28
Dwa Travayè.....	29
Fòm Deklarasyon Taks sou Revni.....	36
Lojman	38
Sitwayènte.....	39
Rezidan Pèmanan Legal	43
Aksyon pou Sispann Depòtasyon.....	44
Vòt ak Patisipasyon Sivik	47
Konsomatè ak Dwa Finansye.....	52
Fwod Konsiltan Imigrasyon	53
Ti Biznis yo	57
Anyè Resous.....	61

Dekrè Egzekitif Nimewo 41

PWOMOSYON AKSÈ NAN AVANTAJ AK SÈVIS YO POU IMIGRAN YO

Vil New York gen yon règleman pou fè pwomosyon aksè nan sèvis, avantaj ak pwogram yo pou imigran ak tout moun ki nan New York.

Dapre Dekrè Egzekitif 41 Majistra a, yo ankouraje tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papyè imigrasyon yo, pou yo chèche jwenn sèvis, avantaj ak pwogram Vil la yo kalifye pou yo resevwa. Answit, anjeneral, Dekrè Egzekitif 41 egzije anplwaye Minisipalite Vil la pou yo pwoteje konfidansyalite dosye imigrasyon yon moun ak lòt kalite enfòmasyon pèsònèl.

Kèk avantaj ak sèvis gouvènman disponib sèlman pou moun ki gen sèten kalite dosye imigrasyon. Nan ka sa yo, li nesesè pou yon anplwaye Minisipalite Vil la poze kesyon sou dosye imigrasyon pou detèmine si yon moun kalifye. Men, anpil sèvis, tankou sèvis sante piblik, sèvis sekirite ak edikasyon disponib pou imigran ki nan nenpòt sitiyasyon, tankou imigran ki pa gen papyè imigrasyon. Ou kapab jwenn yon lis sèvis pou imigran ki pa gen papyè imigrasyon nan seksyon "Avantaj Piblik" ki nan paj 11.

KISA DEKRÈ EGZEKITIF 41 EGZIJE?

- Si ou se viktim oswa temwen yon krim, oswa si ou rele oswa apwoche lapolis pou chèche èd, ofisye lapolis yo pa kapab poze ou kesyon sou dosye imigrasyon ou.
- Men, si ofisye lapolis yo sispèk ou nan aktivite ilegal oswa kriminèl, yo ka poze ou kesyon sou dosye imigrasyon ou epi/oswa yo ka mande ou pou bay enfòmasyon sa a.
- Si ou ale nan yon ajans Minisipalite Vil la pou mande sèten sèvis oswa avantaj, anplwaye Minisipalite Vil la pa kapab poze ou kesyon sou dosye imigrasyon ou sof si lalwa egzije sa oswa si li nesesè pou detèmine si ou kalifye pou resevwa sèvis oswa avantaj sa yo.
- Si ou divilge enfòmasyon sou dosye imigrasyon ou oswa lòt enfòmasyon konfidansyèl ba anplwaye Minisipalite Vil la, anplwaye yo p ap rapòte enfòmasyon sa yo ba okenn moun, sof nan sikonstans limite tankou lè lalwa egzije sa.

Si ou gen plent sou vyolasyon posib Dekrè Egzekitif 41, ou ka pote plent ba ajans Minisipalite Vil la kote ou kwè vyolasyon an te fèt. Ou ka kontakte Biwo Afè Imigran (Office of Immigrant Affairs) Majistra a tou depi ou rele 311.

Dwa pou Aksè nan Lang

Yon moun ki pa pale oswa ki pa li Lang Anglè avèk konpetans gen dwa pou mande ajans gouvènman an, ak lekòl yo, klinik sante yo ak biwo sèvis sosyal yo sèvis tradiksyon oswa entèpretasyon. Anjeneral, li pa apwopriye pou yo itilize timoun oswa manm fanmi yo nan anpil afè. Dapre lalwa, anpil ajans gouvènman gen obligasyon pou bay aksè nan lang ki pa Lang Anglè.

Aksè nan lang gen ladan:

- "Tradiksyon," ki vle di tradiksyon yon dokiman alekri. Sa kapab gen ladan tradiksyon lè enpòtan, avi, enstriksyon ak lòt dokiman nan diferan lang; epi
- "Entèpretasyon," vle di enfòmasyon yo di aloral nan yon lang diferan. Nan entèpretasyon an, gen yon entèprèt ki la andirèk yon reyinyon oswa yo jwenn yon entèprèt nan telefòn.

LWA LOKAL 73: AKSÈ EGALEGO NAN SÈVIS IMEN

Lwa Lokal 73 egzije pou kat (4) ajans sèvis sante ak sèvis sosyal Vil la bay yon sèten kantite sèvis aksè nan lang. Ajans sa yo dwe swiv Lwa Lokal 73:

- Administrasyon Resous Imèn [Human Resources Administration (HRA)]
- Depatman Sante ak Sante Mantal [Department of Health and Mental Hygiene (DOHMH)]
- Administrasyon pou Sèvis Timoun [Administration for Children's Services (ACS)]
- Depatman Sèvis pou Sanzabri [Department of Homeless Services (DHS)]

Yon moun ki pa maton nan Lang Anglè epi k ap chèche oswa k ap resevwa avantaj nan youn nan ajans sa yo dwe resevwa sèten kalite èd nan lang gratis. Ajans sa yo alatèt sèten sant travay, biwo kupon pou manje (food stamp), biwo pwogram èd medikal, ak lòt biwo sèvis sosyal.

Chak nan ajans sa yo gen yon règleman ki endike ki èd yo bay nan lang. HRA, ki bay avantaj kupon pou manje, avantaj Medicaid ak anpil lòt avantaj, gen obligasyon pou bay sèten dokiman enpòtan ki tradui nan lang Chinwa, Arab, Kreyòl Ayisyen, Koreyen ak Ris. HRA dwe asire moun ki bezwen èd nan lang yo pa oblije rete tann anpil tan pou sèvis yo pase lòt moun yo. Lòt twa (3) ajans ki endike anwo a gen obligasyon pou bay èd ak sèvis ki enpòtan nan lang.

DEKRÈ EGZEKITIF 120: AKSÈ NAN LANG

Dekrè Egzekitif 120 Majistra a egzije pou tout ajans Minisipalite Vil la k ap ba sèvis dirèk pou piblik la bay yon kantite enpòtan sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis pou moun ki bezwen li. Chak ajans Minisipalite Vil la te gen obligasyon pou gen yon règleman aksè nan lang anplas apati mwa janvyè 2009. Ajans yo gen obligasyon pou bay èd nan sis (6) lang prensipal popilasyon Vil New York pale epitou ki enpòtan pou sèvis ajans lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis lang gratis ki disponib nan ajans Minisipalite Vil la, ou ka rele 311 pou mande ajans espesyal ou enterese a, oswa mande pou Biwo Afè Imigran Majistra a (Mayor's Office of Immigrant Affairs).

Depòtasyon ak Gadavi

KIMOUN KI ARISK POU YO DEPÒTE LI?

Nenpòt moun ki pa sitwayen Etazini, tankou moun ki gen grinkat, kapab arisk pou yo depòte li si li gen sèten kalite kondanasyon kriminèl, si li gen yon ansyen lòd pou depòtasyon, oswa si moun nan senpleman pa gen papye imigrasyon. Depòtasyon pou kondanasyon kriminèl se yon risk menmsi krim yo te minè, si moun nan te fè krim nan depi lontan, epitou si moun nan pa t pase tan ditou nan gadavi oswa nan prizon.

Si ou arisk pou depòtasyon epi si ou panse ou bezwen yon avoka, ou ta dwe eseye jwenn yon avoka ki espesyalize nan depòtasyon. Si ou gen kondanasyon kriminèl, ou bezwen yon avoka ki konprann lwa kriminèl ak depòtasyon tou. Pou jwenn enfòmasyon konsènan sèvis jiridik ki kapab ede ou avèk yon ka depòtasyon, tanpri ale nan seksyon Anyè Resous manyèl sa a.

Nan ane 2010, yon desizyon Tribinal Siprèm, *Padilla v. Kentucky*, kounye a egzije avoka defans kriminèl yo pou yo fè kliyan y konnen konsekans negatif posib imigrasyon akizasyon kriminèl yo. Sa vle di yon avoka defans kriminèl dwe fè kliyan an konnen si yon rekonesans kilpabilite kapab lakòz moun nan anba depòtasyon. Si yon avoka defans pa bay avi sa a epitou si sa afekte rezilta ka a paske li pa bay avi sa a, kliyan an ta kapab konteste kondanasyon an.

RESTRIKSYON VIL NEW YORK SOU DEMANN GADAVI POU KÒZ IMIGRASYON

Adopsyon Lwa Lokal 58 ak 59 Minisipalite Vil la nan ane 2014 te mete restriksyon sou sikonstans kote Minisipalite Vil la kapab satisfè demann gadavi Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn [Immigration and Customs Enforcement (ICE)]. Yon demann pou mete yon moun nan gadavi se yon demann ICE fè pou mande yon ajans gouvènman lokal oswa yon ajans gouvènman leta pou kenbe yon moun ICE gen entansyon mete nan gadavi. Lwa yo entèdi Depatman Lapolis Vil New York [New York City Police Department (NYPD)] ak Depatman Koreksyon [Department of Correction (DOC)] pou yo satisfè demann pou mete moun nan gadavi nan anpil sikonstans. Kounye a, NYPD ak DOC ap satisfè sèlman demann pou mete moun angadavi pou kòz imigrasyon nan sikonstans sa yo:

- ICE prezante yon manda yon jij federal bay pou detèmine si gen rezon ki ase pou mete moun nan angadavi, epi
- Lajistis te kondane moun nan pou yon "krim ki grav oswa ki vyolan" nan senk (5) ane apre lapolis te arete li oswa moun nan ka gen non li sou lis siveyans teworis.

Lwa yo entèdi ICE tou pou yo pa kenbe yon biwo nan Sant Koreksyonèl Rikers Island.

SA POU FÈ SI YO METE YON MOUN NAN GADAVI

Si yo mete ou nan gadavi pou kòz imigrasyon, ou pa gen obligasyon pou di anyen sou kondisyon imigrasyon ou oswa ou pa gen obligasyon pou siyen an pou renonse dwa ou pou yon odyans sou kondisyon imigrasyon ou oswa okenn lòt dwa. Si lapolis arete ou pou yon akizasyon kriminèl ki pa gen pou wè ak kondisyon imigrasyon ou epitou si yo mete ou angadavi nan Rikers Island, ou ta dwe swiv konsèy ki anwo a pou moun ki nan gadavi pou kòz imigrasyon. Ajan ranfòsman imigrasyon travay nan Rikers Island epi t ap fè entèvyou avèk moun yo mete angadavi nan sant gadavi sa a konsènan kondisyon imigrasyon yo. Ou gen dwa pou pa reponn kesyon sou kondisyon ou. Ou ta dwe pran anpil prekosyon konsènan si pou siyen nenpòt dokiman ki sanble ap fè ou renonse dwa ou.

Si ou se manm fanmi oswa moun pa yon moun yo mete nan gadavi, sonje pou kenbe non ak prenon ak ti non jwèt moun sa a, nimewo anrejistreman etranje li, dat li fèt, dat li te antre nan Etazini, nenpòt dosye kriminèl li ak tout lòt dokiman imigrasyon li.

Si ou vle jwenn manm fanmi ou oswa moun pa ou yo mete nan gadavi, kontakte Biwo Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn. Ou ka kontakte Konsila ou tou. Finalman, ou ka kontakte sant gadavi endividyèl yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ou ka kontakte sitwèb Detention Watch Network.

Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn	
New York	(212) 264-4213
New Jersey	(973) 645-3666

Èd Legal Gratis	
Inite Lwa Imigrasyon pou Èd Legal (Legal Aid Immigration Law Unit)	(212) 577-3456 (<i>Mèkredi ak vandredi apremidi</i>)
Pwojè pou Defans Imigran (Immigrant Defense Project)	(212) 725-6422
Defansè Bronx (Bronx Defenders)	(718) 838-7878
Kowalisyon Nò Manhattan pou Dwa Imigran (Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights)	(212) 781-0355 x305

Men plis enfòmasyon ak sipò ki pa legal pou moun ki angadavi ak fanmi yo: Families for Freedom, (646) 290-5551.

Pou jwenn yon lis Konsila yo: http://www.nyc.gov/html/unccp/html/consular/nyc_list.shtml

Pou jwenn plis enfòmasyon sou gadavi, ou ka ale sou sitwèb pou Detention Watch Network nan www.detentionwatchnetwork.org

Pou chèche adrès sant gadavi yo ak enfòmasyon pou kontakte yo, ou ka ale nan lyen sa a: www.detentionwatchnetwork.org/dwnmap

KISA GRAS GOUVÈNÈ YE?

Gouvènè Eta New York kapab akòde padon pou zak kriminèl. Yon gras padone krim nan ak sanksyon an epi li ka ede yon moun evite depòtasyon.

KIMOUN KI KAPAB APLIKE POU YON PADON?

Nenpòt moun lajistis te kondane pou yon krim nan Eta New York, epi ki kwè kondanasyon an ta ka lakòz li tonbe anba depòtasyon, kapab aplike pou yon padon.

Yon padon pa garanti yo p ap depòte yon moun ankò. Elèv tout laj yo ka kalifye pou tikè sèvis transpò piblik gratis oswa pou pri redui, selon distans y ap viv avèk lekòl la. Menmsi padon pou sèten sikonstans ka pa anpeche depòtasyon, epitou menmsi Gouvènè a pa akòde padon yo souvan, sa pa ta dwe dekouraje yon moun pou li aplike pou yon padon.

KIJAN POU MWEN ALIKE POU PADON POU ANPECHE DEPÒTASYON?

Pou aplike pou yon padon, ou dwe rasanble tout kantite enfòmasyon posib ki montre rezon ki fè Gouvènè a ta dwe akòde ou padon an. Men kèk nan enfòmasyon sa yo:

- Enfòmasyon pèsonèl tankou non, adrès, nimewo telefòn pou kontakte ou, dat ou fèt, ak nimewo sekirite sosyal ou oswa nimewo anrejistreman etranje ou,
- Si gen pwosedi imigrasyon ki annatant ak sitiyoasyon pwosedi sa yo,
- Kalite kondanasyon an tankou kote krim nan te fèt, dat lajistis pwononse santans lan, ak santans (yo) ou te resevwa a,
- Istwa oswa prèv re-adaptasyon, ki montre ou gen bon karaktè,
- Deskripsyon ki detaye koneksyon ou avèk Etazini, epi
- Deskripsyon konsekans depòtasyon an ta gen sou ou ak fanmi ou.

Ou ta dwe aplikasyon yo nan:

Executive Clemency Bureau
New York State Department of Corrections and Community Supervision
The Harriman State Campus – Building 2
1220 Washington Ave
Albany, NY 12226-2050

Oswa Eskane dokiman aplikasyon ou epi imèl li nan adrès ki endike anba la a:

PardonsAndCommutations@doccs.ny.gov

APRE YON PADON

Si ou jwenn yon padon Gouvènè a, ou dwe fè etap siplemantè pou evite depòtasyon. Youn nan etap ou ta dwe fè se depoze yon prèv padon an nan tribinal kote pwosedi imigrasyon ou ap fèt la.

Avantaj Piblik

KI AVANTAJ PIBLIK KI DISPONIB POU IMIGRAN YO?

Gen anpil sèvis ak avantaj ki disponib pou tout moun, kèlkeswa dosye imigrasyon yo. Sèvis ki endike anba la yo disponib pou tout moun, ak moun ki pa gen papyè imigrasyon tou. Kèk nan sèvis sa yo la pou bezwen pou ijans:

- Timoun ki poko genyen 19 ane kalifye pou asirans sante avèk State Children's Health Insurance Program (SCHIP),
- Swen medikal pou ijans, tankou sèvis anbilans,
- Swen anvan akouchman pou fanm ansent avèk Pwogram Èd Swen Anvan Akouchman [Prenatal Care Assistance Program (PCAP)],
- Konsèy pou vyolans nan kay,
- Iminizasyon,
- Tès VIH ak konsèy pou VIH,
- Abri pou ijans,
- Liy dirèk pou kontwòl pwazon,
- Sèvis kantin popilè,
- Sèvis pwoteksyon timoun ak plasman timoun nan fanmi akèy,
- Edikasyon nan lekòl leta,
- Pwogram manje maten ak manje midi nan lekòl,
- Sèvis pou granmoun aje ak pwogram nan sant pou granmoun aje nan Depatman pou Granmoun Aje (Department for the Aging),
- Sèvis Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs) bay ki pwoteje konsomatè yo kont fwod,
- Pwoteksyon kont diskriminasyon Komisyon Dwa Moun (Human Rights Commission) bay,
- Sèvis ak enstalasyon Depatman Pak ak Lwazi (Department of Parks and Recreation) bay,
- Sèvis bibliyotèk piblik ak evènman espesyal,
- Sèvis transpò piblik,
- Pwoteksyon lapolis,
- Pwoteksyon ponpye, ak
- Sèvis Depatman Sante ak Sante Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) bay.

Anpil avantaj ak sèvis yo disponib sèlman pou sitwayen Etazini ak sèten gwoup imigran ki "prezan legalman" nan peyi a. Avantaj ki endike anba la yo se kèk avantaj sitwayen Etazini ak imigran ki gen yon sèten kondisyon legal kapab resevwa sèlman:

- Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income (SSI)),
- Koupon pou manje (Food Stamps),
- Èd Lajan Kach (Cash Assistance),
- Lojman piblik,
- Koupon Lojman Seksyon 8 (Section 8 Housing), ak
- Medicaid ki pa pou ijans.

Sa ki endike anba la yo se eksplikasyon avantaj sa yo:

KISA REVNI SEKIRITE ANPLIS [SUPPLEMENTAL SECURITY INCOME (SSI)] YE?

- SSI se yon avantaj lajan kach pou granmoun aje ki pa touche ase revni (ki gen laj 65 kan ak plis), pou moun ki avèg oswa ki andikape.
- Moun k ap resevwa SSI kalifye otomatikman pou Medicaid.

Yon moun kapab aplike pou SSI nan nenpòt Biwo Administrasyon Sekirite Sosyal [Social Security Administration (SSA)] oswa depi moun nan rele nimewo (800) 772-1213.

KISA KOUAPON POU MANJE (FOOD STAMPS) YE?

- Kouapon pou mande, ki rele kounye a Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman tè [Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)], se avantaj lajan kach sou fòm kouapon ak kat Transfè Elektwonik Avantaj [Electronic Benefits Transfer (EBT)] ki ede fanmi ki pa touche ase revni yo achte manje.
- Nan Vil New York, se Administrasyon Resous Imèn Vil New York ki alatèt kouapon pou manje. Yon moun kapab ale nan yon Sant Travay HRA oswa nan yon Biwo Kouapon pou Manje pou li aplike pou kouapon pou manje.
- Nan Eta New York, imigran ki pa kalifye ankò pou avantaj federal kouapon pou manje kapab toujou jwenn kouapon pou manje Eta a.
- Menmsi yon paran pa kalifye pou kouapon pou manje, paran an kapab toujou aplike pou kouapon pou mande pou pitit li yo si timoun yo kalifye.

Pou aplike pou kouapon pou manje, rele 311 oswa ale sou sitwèb HRA nan <http://www.nyc.gov/html/hra/html/services/snap.shtml>

KISA ÈD LAJAN KACH YE?

Èd Lajan Kach se pwogram Vil New York ki bay èd lajan pou fanmi ki kalifye epi pa touche ase revni pou ede fanmi yo vin endepandan.

Pou jwenn yon Sant Travay nan Vil New York kote ou kapab aplike pou Èd Lajan Kach ak lòt avantaj piblik, rele 311 oswa ale sou sitwèb: http://www.nyc.gov/html/hra/html/services/job_centers.shtml.

KISA LOJMAN PIBLIK YE?

Lojman Piblik se lojman gouvènman an posede ki disponib pou sèten fanmi ak moun ki pa touche ase revni.

KISA KOUPON POU LOJMAN SEKSYON 8 YE?

Koupon pou Lojman Seksyon 8 se avantaj ki ede yon fanmi peye yon pòsyon nan lwaye yo. Se sèlman sèten fanmi ki pa touche ase revni ki kalifye pou Lojman Seksyon 8, epitou se sèlman sèten mèt kay ki aksepte koupon Seksyon 8.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Lojman Piblik ak koupon Seksyon 8, kontakte youn nan biwo Administrasyon Lojman Vil New York [New York City Housing Authority (NYCHA)] oswa ale sou sitwèb <http://apply.nycha.info>

Manhattan/Bronx	478 E. Fordham Rd., 2 nd Floor Bronx, NY 10458 (718) 707-7771
Brooklyn/Staten Island	787 Atlantic Ave., 2 nd Floor Brooklyn, NY 11238 (718) 707-7771
Queens	90-27 Sutphin Blvd., 4 th Floor Jamaica, NY 11435 (718) 707-7771

Voye Aplikasyon pou Lojman Piblik ou pa lapòs nan adrès:

NYCHA

Post Office Box 445

Church Street Station

New York, NY 10008

Pou jwenn plis enfòmasyon sou koupon Seksyon 8 nan Depatman Lojman ak Konsèvasyon [Housing and Preservation Department (HPD)] Vil New York, tanpri rele nimewo (917) 286-4300.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lojman, tanpri ale nan seksyon Lojman an (paj 38).

ID MINISIPAL: KAT IDNYC

Nan ane 2014, Minisipalite Vil New York te adopte yon lwa pou kreye yon kat idantifikasyon minisipal ki rele "IDNYC" pou tout moun k ap viv nan Vil New York, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo. Kat IDNYC se yon idantifikasyon foto ou kapab itilize pou anpil objektif. Ou kapab itilize kat la pou gen aksè nan pwogram ak sèvis nan gouvènman Vil la, pou antre nan bilding gouvènman Vil la (ak lekòl yo), pou kominike avèk lapolis NYPD, pou louvri kont kouran nan sèten enstitisyon finansye epitou pou jwenn anpil lòt avantaj. Men kèk lòt avantaj kat IDNYC:

- Rabè okonplè nan tikè sinema, teyat Broadway, evènman espòtif, pak tè, ak plis lòt.
- Yon rabè 10 pousan pou manm Sant Lwazi Pak Vil New York (NYC Parks Recreation Center) chak ane pou adilt ki gen laj 25-61 ane ak pèmi pou jwe tenis nan Depatman Pak Vil New York (NYC Parks Department).
- Yon rabè 20 pousan pou fanmi ki manm nan tout 22 sant YMCA toupatou nan Vil New York.
- Yon esè 30 jou gratis ak evalyasyon fòm fizik avèk yon monitè sètifye nan tout lokal Klib Espò Vil New York.
- Yon rabè 5 pousan sou tout sa ou achte nan makèt Food Bazaar nan Vil New York depi lendi jiska vandredi, ant 7 am ak 7 pm.

- Yon rabè 25 pousan sou tout Kat Abònman New York, yon kat abònman nan tout vil la pou 83 atraksyon touris ki nan Vil New York.
- Louvri yon kont labank nan anpil enstitisyon finansye nan Vil New York.
- Ou vin manm gratis pou ane nan 33 enstitisyon kiltirèl prensipal Vil la, tankou mize klas mondyal, sant boza pèfòmans, sal konsè, jaden botanik ak jaden zowolojik.

Pou jwenn yon deskripsyon avantaj yo okonplè, tanpri ale sou sitwèb:

<http://www1.nyc.gov/site/idnyc/benefits/benefits.page>

KIJAN POU MWEN APLIKE POU YON KAT IDNYC?

Pou jwenn yon kat IDNYC, ou dwe ranpli yon fòm aplikasyon epitou ou dwe soumèt li nan yon Sant Enskripsyon IDNYC. Ou dwe siyen aplikasyon yo alamen epitou ou dwe soumèt yo anpèsòn. Ou pa kapab soumèt aplikasyon yo sou entènèt. Pou pran yon randevou, rele 311 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/IDNYC. Tout moun k ap viv nan Vil New York ki gen laj 14 zan ak plis kapab resevwa yon kat IDNYC.

Moun ki aplike yo dwe bay prèv idantite yo ak prèv ki montre y ap viv nan Vil New York. Yo aksepte anpil kalite dokiman diferan kòm prèv idantite ak prèv adrès nan vil la. Kat IDNYC gratis pou tout moun k ap viv nan Vil New York epi ki aplike anvan 1ye janvye 2016. Kat yo valab pou senkan apati dat yo apwouve aplikasyon an. Pwosesis aplikasyon an fasil pou moun ki pa maton nan Lang Anglè ak moun andikape jwenn aksè ladan.

Minisipalite Vil la ap pwoteje konfidansyalite enfòmasyon tout moun ki aplike pou IDNYC nan limit lwa Vil la, lwa leta ak lwa federal. Minisipalite Vil la p ap poze moun ki aplike yo kesyon sou dosye imigrasyon yo dapre Dekrè Egzekitif 41.

Pou enprime yon aplikasyon, ale sou sitwèb: <http://www1.nyc.gov/site/idnyc/card/application-materials.page>

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kat IDNYC ak sou fason pou aplike, tanpri ale nan paj sitwèb IDNYC: www.nyc.gov/IDNYC

Swen Sante

KIJAN YON MOUN KAPAB JWENN YON ASIRANS SANTE PIBLIK?

Pwogram ki endike anba la a yo se pwogram asirans sante gouvènman anpil imigran ka kalifye pou yo:

- Medicaid pou moun tout laj ki pa touche ase revni. Dosye imigrasyon legal obligatwa pou Medicaid ki pa pou ijans,
- Child Health Plus pou jèn moun ki gen laj 18 tan oswa mwens,
- Family Health Plus pou adilt ki gen laj 19-64 ane,
- Pwogram Asistans Medikal Anvan Akouchman [Prenatal Care Assistance Program (PCAP)] pou fanm ansent,
- Pwogram Avantaj Planin Familyal [Family Planning Benefit Program (FPBP)] pou planin familyal,
- Pwogram Ekstansyon Planin Familyal [Family Planning Extension Program (FPEP)] pou planin familyal,
- Medicaid pou Ijans pou swen pou ijans, epi
- Pwogram Èd Medikaman pou Moun ki Gen SIDA [AIDS Drug Assistance Program (ADAP)] pou tretman pozitif VIH.

KIMOUN KI KALIFYE POU ASIRANS SANTE PIBLIK?

Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papye imigrasyon, k ap viv nan Eta New York kalifye pou:

- Child Health Plus,
- Pwogram Èd pou Swen Anvan Akouchman [Prenatal Care Assistance Program (PCAP)],
- Pwogram Ekstansyon Planin Familyal [Family Planning Extension Program (FPEP)],
- Pwogram Èd pou Medikaman pou Moun ki Gen SIDA [Aids Drug Assistance Program (ADAP)], epi
- Medicaid pou Ijans.

Tout timoun, kèlkeswa dosye imigrasyon yo, kalifye pou asirans sante piblik si fanmi yo kalifye dapre revni yo.

Anjeneral, imigran ki pa gen papye imigrasyon ak moun ki pa imigran (biznis pou yon ti tan, elèv pou yon ti tan, medikal, moun ki gen viza touris) pa kalifye pou Family Health Plus oswa Medicaid, sof nan ijans yo.

Pou kalifye pou Medicaid ak Family Health Plus, yon imigran dwe tonbe nan youn nan kategori sa yo:

- Sitwayen Etazini ki natirize,
- Imigran ki nan Etazini akòz pèsekisyon oswa lòt pwoblèm nan peyi natifnatal yo (tankou refijye, moun yo bay azil politik, Azyatik-Ameriken, patisipan Kiben/Ayisyen, patisipan sou kondisyon, moun ki viktim nan trafik, ak moun ki Estati Pwoteksyon Pwovizwa),
- Rezidan pèmanan legal,

- Moun ki Fè Petisyon pou VAWA poukont yo (madanm/mari ak pitit sitwayen Etazini oswa rezidan pèmanan legal yo te bat oswa ki te viktim abi),
- Imigran yo te akòde sispansyon depòtasyon yo oswa anilasyon pou yo mete yo deyò nan Etazini,
- Imigran ki nan rejis (ki kapab montre yo te kontinye ap viv nan Etazini depi 1ye janvye 1972),
- Moun ki jwenn libète sou kondisyon nan Etazini epi ki gen libète sou kondisyon an ki pa ekspire,
- Ameriken natifnatal ki fèt nan Kanada ak moun ki soti nan teritwa ki gen relasyon espesyal avèk Etazini,
- Veteran fòs lame yo ak manm fòs lame ki nan sèvis aktif, ansanm avèk fanmi pwòch yo, epi
- Imigran Depatman Sante Eta New York jwenn k ap Viv Pèmanan Anba Koulè Lalwa [Permanently Residing Under Color of Law (PRUCOL)].

ANSWIT...

- Nenpòt moun ki gen yon ijans medikal gen dwa pou rele yon anbilans epi pou li resevwa swen sante nan yon saldjans, kèlkeswa dosye imigrasyon yo.
- Nenpòt moun, kèlkeswa dosye imigrasyon yo, kapab resevwa swen sante nan sant sante ki finanse avèk lajan gouvènman federal ak nan lopital NYC Health and Hospitals Corporation, sant dyagnostik ak tretman, sant sante pou anpil tan, ak klinik.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou asirans sante piblik, ou ka rele Liy Èd Medicaid HRA nan nimewo (888) NYC-6116.

ÈSKE YON MOUN KI PA MATON NAN LANG ANGLÈ KAPAB JWENN ÈD NAN LANG NAN SWEN SANTE?

Yon moun ki pa maton nan Lang Anglè gen dwa pou jwenn èd serye nan lang nan pifò anviwònman swen sante yo. Lwa federal ak lwa leta egzijè lopital yo pou yo fè etap rezonab pou asire moun ki pa maton nan Lang Anglè (LEP) resevwa èd na lang tankou sèvis entèpretasyon espesyalize, tradiksyon fòm enpòtan yo, enstriksyon ak enfòmasyon pou asire komunikasyon efikas avèk tout pasyan yo.

Si yon lopital pa ba ou sèvis entèpretasyon oswa sèvis tradiksyon kòm sadwa, ou kapab fè yon plent pou vyolasyon dwa sivil nan:	
Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil [Office for Civil Rights (OCR)]	(212) 264-3313
Divizyon Dwa Moun Eta New York (NYS Division of Human Rights)	(718) 741-8400
Komisyon pou Dwa Moun Vil New York (NYC Human Rights Commission)	311 oswa (212) 306-7450

KISA KOMISYON KONSILTATIF KOMINOTE LOPITAL YO YE?

Komisyon Konsiltatif Kominote Lopital [Hospital Community Advisory Boards (CAB)] yo bay konsèy pou sante medikal Sosyete Sante ak Lopital [Health and Hospital Corporation (HHC)] Vil New York sou pwendvi kominote pwosesis pou sant swen sante yo pran desizyon epi pou yo fè kominote a konnen bi ak objektif sant sante a. Manm CAB yo bay yon lide enpòtan sou devlopman plan ak pwogram sant sante, epi yo kominike avèk gwoup kominotè yo, ofisyèl lokal yo, ak administrasyon sant sante a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou CAB yo, tanpri kontakte Biwo Relasyon Entè-Gouvènman Sosyete Sante ak Lopital nan nimewo (212) 788-3349 oswa ale sou sitwèb la nan www.nyc.gov/hhc.

Edikasyon

KIMOUN KI GEN DWA POU ALE NAN LEKÒL LETA?

Chak timoun ki gen laj 5 kan jiska 21 ane nan Vil New York gen dwa pou ale nan yon lekòl leta jouk lè li diplome nan lekòl segondè, kèlkeswa dosye imigrasyon li. Chak timoun gen dwa pou ale nan lekòl matènèl apati ane li gen laj 5 kan.

Elèv ak paran yo pa gen obligasyon pou bay dosye imigrasyon yo ba yon lekòl leta Vil New York.

ÈSKE PARAN YO KAPAB RESEVWA TRADIKSYON ENFÒMASYON SOU LEKÒL YO NAN LANG KI PA LANG ANGLÈ?

Paran yo gen dwa pou resevwa tradiksyon avi edikasyonèl enpòtan yo, lèt yo ak fòm yo nan lang natifnatal paran an. Answit, dwe gen entèprèt ki disponib nan reyinyon ak oryantasyon paran yo. Si yon paran pa resevwa tradiksyon oswa entèpretasyon ki nesèsè yo, paran an ka kontakte kowòdonatè paran, lekòl la, Divizyon Angajman Fanmi ak Kominote Depatman Edikasyon, oswa yon defansè pou li jwenn èd. Anjeneral, li pa apwopriye pou itilize timoun yo kòm entèprèt nan anpil afè edikasyon.

KIJAN POU MWEN ENSKRI PITIT MWEN POU LEKÒL LETA?

Paran yo ta dwe enskri pitit yo nan lekòl ki "klase dapre zòn" ki toupre kote y ap viv. Ou ka chèche konnen kote lekòl ki nan zòn pitit ou ye depi ou rele 311 oswa depi ou ale sou sitwèb DOE nan: <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents>.

Paran ki pa vle pitit yo ale nan lekòl ki klase dapre zòn yo ka aplike pou yon "dezakò" pou transfere pitit yo an yon lekòl diferan. Men, paran ki aplike pou dezakò pafwa ka pa jwenn transfè a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou chwazi lekòl yo ak aplike pou yo, ale sou sitwèb www.insideschools.org oswa rele nimewo (866) 427-6033.

Paran ki vle enskri pitit yo pou pwogram Klas Pre-Matènèl nan Vil New York ka kontakte DOE pou yo ka enskri pitit yo. Ou ka chèche konnen kijan pou enskri pitit ou nan pwogram Klas Pre-Matènèl depi ou rele nimewo (718) 935-2009 oswa depi ou ale sou sitwèb DOE nan: <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents/default.htm>.

Pou tout lekòl segondè yo ak kèk lekòl pre-segondè, yo pa mete elèv yo nan lekòl ki klase dapre zòn yo men yo pase nan yon pwosesis aplikasyon epi yo gen kèk chwa pou lekòl. Pou jwenn plis enfòmasyon sou enskripsyon nan lekòl pre-segondè ak lekòl segondè, rele 311 oswa ale sou sitwèb <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents/default.htm>.

Pou enskri, elèv yo dwe montre dokiman ki endike anba la yo:

- Prèv adrès lakay yo (yo ka aksepte sèlman sèten dosye kòm prèv),
- Batistè, paspò oswa sètifika batèm timoun,
- Dosye vaksinasyon timoun nan,
- Kanè oswa dènne bilten timoun nan (li rekòmande, men li pa obligatwa).
- Paran yo ka gen relvednòt yo tradui nan lekòl kote elèv la vle ale a, nan Depatman Edikasyon, oswa nan yon sous deyò, epi
- Pwogram Edikasyon Endividyèl Timoun nan [Child's Individualized Education Program (IEP)], sèlman si timoun nan ap resevwa sèvis edikasyon espesyal.

Si yon elèv pa gen tout dokiman ki obligatwa yo pou enskripsyon an, lekòl la dwe toujou kite elèv la enskri nan lekòl la imedyatman. Answit, lekòl la dwe jwenn lòt dokiman yo.

ÈSKE LEKÒL LETA YO LA POU NOUVO ELÈV IMIGRAN YO?

Wi. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo, ou ka kontakte Depatman Edikasyon nan 311, ale sou sitwèb www.insideschools.org oswa rele Advocates for Children nan nimewo (212) 947-9779.

ÈSKE YON TIMOUN KAPAB RESEVWA SÈVIS OTOBIS GRATIS NAN LEKÒL LA?

Elèv ki nan klas matènèl jiska klas 6yèm ane kalifye pou sèvis otobis gratis selon nivo klas elèv la ak distans l ap viv avèk lekòl la. Elèv tout laj ka kalifye tou pou kat abònman sèvis transpò piblik gratis oswa pou pri redui, selon distans y ap viv avèk lekòl la.

Paran yo ka rele Biwo Sèvis Transpò Elèv [Office of Pupil Transportation (OPT)] pou yo jwenn plis enfòmasyon nan nimewo (718) 392-8855 oswa ale sou sitwèb <http://schools.nyc.gov/Offices/Transportation>

ÈSKE YON ELÈV KAPAB RESEVWA MANJE MATEN OSWA MANJE MIDI GRATIS NAN LEKÒL LA?

Anpil elèv ki nan lekòl leta kalifye pou manje gratis oswa pou pri redui. Pou resevwa avantaj sa a, fanmi yo dwe soumèt aplikasyon apwopriye a ki disponib nan chak lekòl.

Sèvis Gadri

KIJAN YON PARAN KAPAB JWENN SÈVIS GADRI?

Paran ki satisfè sèten kondisyon dapre revni kapab jwenn sèvis gadri pou timoun ki gen laj 2 mwa jiska 12 zan. Se Administrasyon pou Sèvis Timoun (ACS) Vil New York oswa Administrasyon Resous Imèn (HRA) Vil New York ki alatèt sèvis gadri a. Yo kapab bay sèvis gadri nan sant gadri angwoup oswa nan kay founisè sèvis ki lisansye yo. Anpil pwogram sèvis gadri disponib pou timoun yo kèlkeswa dosye imigrasyon yo. Fanmi ki kalifye yo ka aplike pou kupon pou yo peye pou sèvis gadri yo avèk ACS oswa HRA. Fanmi k ap resevwa Èd Piblik (Public Assistance) oswa ki kite Èd Piblik nan dènne 12 mwa yo ka kalifye pou kupon gadri avèk HRA.

Rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa sèvis gadri yo.

Edikasyon nan De Lang ak ESL

KI SÈVIS NAN LEKÒL KI DISPONIB POU TIMOUN K AP APRANN LANG ANGLÈ KÒM DEZYÈM LANG?

Elèv k ap aprann Lang Anglè ka gen obligasyon ak dwa pou pran pwogram edikasyon nan de lang, pwogram Lang Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL) oswa lòt pwogram. Elèv ki pran pwogram sa yo rele "Elèv k ap Aprann Lang Anglè (English Language Learners)" oswa ELL. Pwogram ELL yo gen ladan:

- **Edikasyon nan De Lang** gen ladan itilizasyon lang natifnatal elèv la ak Lang Anglè pou anseye elèv la tout matyè akademik yo. Li la pou ede timoun nan kenbe lang natifnatal li, aprann matyè akademik yo, epitou aprann Lang Anglè.
- **Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL)** se yon pwogram ki anseye yon timoun Lang Anglè ak lòt matyè yo avèk Lang Anglè sèlman.
- **Modèl Langaj Doub/De Fason** pou anseye ap mete moun ki pale Lang Anglè natifnatal ak moun ki pale lòt lang natifnatal nan menm klas la pou anseye tout elèv yo nan klas Lang Anglè ak yon lang ki pa Lang Anglè.
- **Modèl Lang Anglè Akademik Akselere (Accelerated Academic English Language Model)** se yon pwogram kote yo ensiste sou lang ak literati Lang Anglè epitou yo itilize metòd ESL yo pou enstriksyon an.

Chak lekòl leta ta dwe ofri yon pwogram ESL, men tout lekòl yo ap ofri edikasyon nan de lang. Si yon lekòl gen yon klas edikasyon nan de lang nan lang natifnatal timoun nan ak yon klas ESL, paran an gen dwa pou chwazi ant edikasyon nan de lang ak ESL pou timoun nan.

KIJAN YON LEKÒL AP DESIDE SI YON ELÈV DWE PRAN EDIKASYON NAN DE LANG OSWA ESL?

Chak paran oswa responsab legal ki enskri yon timoun pou lekòl ap reponn yon kesyonè Sondaj Idantifikasyon Lang nan Kay [Home Language Identification Survey (HLIS)], ki mande ki lang timoun nan lòt moun ki nan kay pale. Selon repons pou sondaj la, timoun nan ka gen obligasyon pou pran yon tès Evalyasyon sou Konesans Jeneral nan Lang Anglè [Language Assessment Battery (LAB)] pou detèmine si timoun nan ta dwe pran edikasyon nan de lang oswa ESL. Si nòt yon timoun tonbe anba 41yèm pèsantil nan tès LAB, n ap deziyen timoun sa a kòm yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè [English Language Learner (ELL) epitou timoun nan ap gen obligasyon pou pran edikasyon nan de lang oswa ESL.

Lekòl yo gen obligasyon pou òganize oryantasyon pou paran nouvo ELL yo pou fè paran yo konnen diferan pwogram ELL ki disponib yo. Nan oryantasyon an, paran yo kapab poze kesyon sou sèvis ELL yo (avèk èd yon entèprèt si li nesèsè), epitou y ap resevwa materyèl sou pwogram ELL yo.

KISA POU YON PARAN FÈ SI LI PA DAKÒ POU PITIT LI TA DWE PRAN EDIKASYON NAN DE LANG OSWA ESL?

Yon paran ka mande pou pitit li pran tès LAB ankò pou yon pi gwo nòt. Yo p ap akòde tout demann pou tès ratrapaj la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ESL yo oswa sou lòt resous pou fanmi yo, tanpri kontakte Depatman Elèv k ap Aprann Lang Anglè ak Sipò Elèv DOE nan nimewo (212) 374-6072 oswa ale sou sitwèb <http://schools.nyc.gov/Academics/ELL/default.htm>

KISA EDIKASYON ESPESYAL YE?

Elèv ki gen laj 3 zan jiska 21 ane epi ki gen andikap ki anpeche yo aprann gen dwa pou resevwa enstriksyon ak sèvis espesyalize, ki rele "Edikasyon Espesyal." Andikap sa yo ka kòmanse depi nan difikilte pou li pou rive nan difikilte emosyonèl, entèlektyèl ak fizik ki pi konplèks.

Sèvis edikasyon espesyal yo gen ladan konsèy, sal resous, sèvis para-pwofesyonèl, terapi fizik, ègoterapi ak òtòfoni, teknoloji asistans, pwogram akademik espesyal ak lòt "sèvis asosye." Yo ka anseye elèv edikasyon jeneral yo nan yon salklas edikasyon jeneral ki gen elèv ki pa andikape, oswa nan yon salklas ki gen elèv edikasyon espesyal sèlman.

KIJAN YO METE YON ELÈV NAN EDIKASYON ESPESYAL?

Yon paran oswa yon lekòl ka fè yon demann alekri pou yo bay referans pou yon timoun epi pou yo evalye timoun nan pou bezwen edikasyon espesyal. Yo pa kapab bay referans pou okenn elèv nan edikasyon espesyal senpleman paske timoun nan pa pale Lang Anglè avèk konpetans. Yo pa kapab evalye yon timoun pou edikasyon espesyal san konsantman paran timoun nan ki baze sou enfòmasyon. Yo dwe bay timoun ELL yo evalyasyon edikasyon espesyal nan de lang.

Paran yo gen dwa pou resevwa tradiksyon materyèl edikasyon espesyal, epitou yo gen dwa pou jwenn entèprèt nan reyinyon ak odyans ki gen pou wè ak sèvis edikasyon espesyal pitit yo.

Si yo jwenn yon elèv kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, elèv sa a ap resevwa yon Pwogram Edikasyon Endividyèl [Individualized Education Program (IEP)], yon dokiman enpòtan ki endike sèvis elèv la pral resevwa ak objektif ak nòm edikasyonèl elèv la.

Si yon paran pa dakò pou pitit li ta dwe pran edikasyon espesyal oswa si paran an pa kwè timoun nan ap resevwa sèvis ki kòrèk, paran an kapab mande yon odyans san patipri pou konteste afè sa yo. Paran yo ka chèche yon defansè oswa yon avoka pou ede yo nan odyans san patipri a ak nan reyinyon yo sou edikasyon espesyal la.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis Edikasyon Espesyal, ou ka kontakte Liy Dirèk Depatman Edikasyon Espesyal nan nimewo (718) 935-2007 oswa ou kapab ale sou sitwèb Edikasyon Espesyal DOE nan <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/default.htm>

Patisipasyon Paran

KIJAN PARAN YO KAPAB PATISIPE NAN EDIKASYON PITIT YO?

Paran yo kapab vin patisipe nan lekòl pitit yo ak aprantisaj nan anpil fason. Paran yo kapab pale avèk pwofesè pitit yo ak administratè lekòl la sou yon baz regilye. Paran yo kapab pale tou avèk Kowòdonatè Paran lekòl yo ki responsab pou ede rezoud enkyetid paran yo ak kore patisipasyon paran yo.

Paran yo kapab antre nan òganizasyon sa yo pou yo patisipe ladan yo:

- Asosyasyon Paran [Parent Association (PA)] / Asosyasyon Pwofesè-Paran [Parent Teacher Association (PTA)]: yon gwoup moun ki bay konsiltasyon pou lekòl la sou tout zafè ki gen pou wè ak operasyon lekòl la tankou bidjè ak pwogram akademik lan. PA/PTA gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou operasyon ak nivo reyalizasyon yon lekòl.
- Komite Dirijan Lekòl: yon gwoup moun ki gen ladan paran, dirijan ak pwofesè lekòl la ki kreye règleman edikasyonèl ki baze nan lekòl la ak chak Plan Edikasyon Konplè [Comprehensive Educational Plan (CEP)] lekòl la.
- Komisyon Edikasyon Kominotè yo [Community Education Councils (CEC)]: Gen 32 Komisyon Edikasyon Kominotè, ki reprezante bezwen ak enterè fanmi yo ak elèv yo, epi k ap ede fòme règleman edikasyon nan chak nan 32 Distri Lekòl Kominotè Vil la.
- Komisyon Edikasyon Kominotè Vil la [Community Education Councils (CEC)]: Gen kat (4) Komisyon Edikasyon Vil la ki reprezante bezwen ak enterè fanmi yo ak elèv yo epi ki fòme règleman edikasyon vil la nan domèn ki endike anba la yo: ELL yo, Edikasyon Espesyal, Distri 75 ak Lekòl Segondè yo.
 - Komisyon Edikasyon Kominotè ak Komisyon Edikasyon Vil la gen ladan paran yo ak manm kominote ki konsène ki pase nan eleksyon oswa ki jwenn nominasyon yo.
 - CEC yo òganize reyinyon piblik chak mwa. Kèk nan responsablite yo se apwobasyon liy zonaj lekòl yo, òganizasyon odyans sou Plan Kapital DOE, evalyasyon Sipè-Entandan Kominotè yo, epi bay remake sou lòt pwoblèm enpòtan règleman an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou CEC, kontakte: Divizyon Angajman Fanmi ak Kominote (Division of Family & Community Engagement) Depatman Edikasyon nan nimewo (212) 374-4118 oswa ale sou sitwèb <http://schools.nyc.gov/Offices/CEC>

- Komisyon Kominote yo: Komisyon Kominote yo se gwoup reprezantan lokal ki konpoze avèk 50 manm ki pa touche lajan. Se Prezidan Minisipalite a ki deziyen yo, epi Manm Konsèy Minisipal Vil la lonmen mwatye nan manm yo. Komisyon yo rankontre an piblik yon fwa chak mwa. Manm piblik la gen pèmisyon pou pale pandan yon pati nan chak reyinyon. Komisyon an abòde anpil kalite kesyon ki afekte kominote yo, tankou edikasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou patisipe nan Komisyon Kominotè yo, gade seksyon "Vòt ak Patisipasyon Sivik".

- Panèl pou Règleman sou Edikasyon [Panel for Educational Policy (PEP)]: Panèl pou Règleman sou Edikasyon se yon komisyen endepandan ki gen ladan 13 manm ki ka vote - majistra a deziyen 8 nan manm yo epi chak Prezidan Minisipalite ki nan Vil la deziyen 5 lòt yo - ak 2 manm Komisyen Konsiltatif Elèv ki pa ka vote.
 - PEP òganize yon reyinyon piblik chak mwa ki gen ladan tan pou piblik la fè kòmantè. Chak paran kapab patisipe nan reyinyon sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou règleman ak pwopozisyon DOE, epitou paran yo kapab fè konnen pwendvi yo ba Chanselye a ak manm PEP.
 - Manm PEP yo vote sou pwopozisyon DOE ki gen pou wè ak bilding ki gen plis pase yon lekòl, fèmti lekòl, epitou ogmantasyon ak diminisyon klas lekòl la. PEP revize tou nòm, règleman, objektif, ak règleman ki gen pou wè ak reyalizasyon edikasyonèl ak rannman elèv yo, epitou kontra DOE, estimasyon bidjè fonksyonman anyèl ak Plan Kapital.

SONJE paran yo gen dwa pou resevwa tradiksyon avi edikasyonèl enpòtan yo, lèt yo ak fòm yo nan lang natifnatal paran yo, epitou entèprèt yo dwe disponib na reyinyon ak oryantasyon paran yo. Si yon paran pa resevwa tradiksyon oswa entèpretasyon ki nesèsè yo, paran an ka kontakte kowòdonatè paran, lekòl la, Divizyon Angajman Fanmi ak Kominote Depatman Edikasyon, oswa yon defansè pou li jwenn èd.

Disiplin Elèv yo

KIJAN YO DISIPLINE YON ELÈV POU MOVE KONDUIT?

Yon lekòl dwe swiv Kòd Disiplin Vil la epitou li dwe konsidere laj elèv la, matirite li, dosye disiplin li anvan ak sikonstans ensidan pami lòt faktè yo pou deside disiplin ki kòrèk pou yo bay pou konduit elèv la. Paran yo ta dwe mande yon kopi Kòd Disiplin nan ak Deklarasyon Dwa Elèv yo pou asire nenpòt disiplin pitit yo jwenn apwopriye ak legal.

KI DWA ELÈV YO GENYEN LÈ YO ANBA DISIPLIN?

Elèv yo gen dwa pou pwosedi egalego pou konteste yon aksyon disiplinè si elèv la ak paran li pa dakò avèk disiplin nan. Gen de (2) kalite sispansyon: Sispansyon Direktè lekòl la ak Sispansyon Sipè-Entandan an. Sispansyon Direktè lekòl la mwen grav pase sispansyon Sipè-Entandan an. Règ ki endike anba la yo se règ enpòtan lekòl yo dwe swiv pou sispansyon yo:

- Elèv yo dwe resevwa avi alekri yo remèt yo kòm sadwa ki endike rezon espesifik pou sispansyon an.
- Sispansyon Direktè lekòl la pa ka depase senk (5) jou, men sispansyon Sipè-Entandan an a ka dire plis tan.
- Elèv yo gen dwa pou yo konteste ka yo kont sispansyon an epitou yo kapab vini avèk yon avoka oswa yon defansè.

- Paran yo ak elèv yo gen dwa pou jwenn tradiksyon ak entèpretasyon pou tout avi yo, reyinyon yo ak odyans yo.
- Pandan yon sispansyon, elèv yo pa ka anba pinisyon akademik. Elèv yo dwe jwenn pèmasyon pou pran tout egzamen vil la oswa tout egzamen leta ki pwograme epi ki pa bay elèv yo pèmasyon pou fè egzamen ratrapaj, epitou pou yo fè nenpòt egzamen ratrapaj ki ka afekte klas yo.
- Pandan yon sispansyon, yo dwe bay elèv yo lòt kalite enstriksyon, tankou, men pa sèlman, travay nan klas ak devwa pou yo fè lakay yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi sispansyon, gade Règleman A-443 Chanselye a, ki disponib sou sitwèb DOE, <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ChancellorsRegulations>.

Pou mande èd konsènan sispansyon elèv, ou ka rele nimewo:	
Advocates for Children (AFC)	(212) 947-9779
NY Legal Assistance Group	(212) 613-5000
Legal Services for New York City	(212) 431-7200

Frekantasyon Kolèj

ÈSKE YON MOUN KI GEN NENPÒT DOSYE IMIGRASYON KAPAB ALE NAN KOLÈJ?

Nenpòt moun ka aplike pou kolèj kèlkeswa dosye imigrasyon li.

Kolèj ak inivèsite leta yo ki nan New York pa gen obligasyon pou rapòte dosye imigrasyon yon etidyan ba gouvènman an sof si etidyan an se yon etidyan entènasyonal ki gen yon viza etranje.

Answit, tout enfòmasyon pèsonèl etidyan an ansanm avèk dosye imigrasyon li, nan City University of New York (CUNY) ak State University of New York (SUNY) se enfòmasyon ki pwoteje kòm enfòmasyon konfidansyèl anba Lwa Federal sou Edikasyon ak Konfidansyalite Enfòmasyon Prive [Federal Education Rights and Privacy Act (FERPA)]. Lwa federal sa a entèdi divilgasyon enfòmasyon etidyan yo ba nenpòt moun sof pwofesè kolèj la yo detèmine pou gen yon "enterè edikasyonèl lejitim nan dosye patikilye etidyan an." Nan dosye imigrasyon yon etidyan, Bursar (administratè finansye) se sèl gwoup pwofesè yo konsidere ki gen yon enterè "lejitim" nan enfòmasyon sa yo. Pou nenpòt lòt moun jwenn aksè nan dosye sa yo, etidyan an dwe bay otorizasyon li alekri oswa yon ajan gouvènman dwe prezante yon papye tribinal la ki endike enfòmasyon yo nesesè pou yon ankèt kriminel k ap fèt.

ÈSKE ETIDYAN IMIGRAN YO KAPAB PEYE KOU PEYE FRÈ ESKOLARITE KÒM MOUN K AP VIV NAN ETA A?

Nan New York, etidyan ki pa gen papye imigrasyon yo kalifye pou pi piti tarif eskolarite kòm moun k ap viv nan eta a pou inivèsite ak kolèj leta yo si yo:

- Diplome nan yon lekòl segondè Eta New York apre yo te pase omwen 2 zan epi aplike pou SUNY oswa CUNY nan senk (5) ane apre yo resevwa diplòm lekòl segondè yo,

OSWA

- Te patisipe nan yon pwogram Patisipasyon Elèv Lekòl Segondè nan Egzamen Evalyasyon [Test Assessing Secondary Completion (TASC)] Eta New York apwouve, oswa anvan 1ye janvyè 2014, yon pwogram Diplòm Ekivalans Jeneral [General Equivalency Diploma (GED)], si yo te resevwa yon TASC/GED yo bay nan Eta New York, epitou si yo te aplike pou yo antre nan yon kolèj SUNY, yon kolèj CUNY, yon kolèj leta opere, oswa yon kolèj kominotè nan senk (5) ane apre yo resevwa diplòm nan,

EPITOU

- Depoze yon deklarasyon sou sèman notarye nan CUNY oswa SUNY ki endike yo te depoze yon aplikasyon pou legalize dosye imigrasyon yo oswa yo pral depoze yon aplikasyon imedyatman yo kalifye pou fè sa,

EPITOU

- Pwouve y ap viv nan eta a. Etidyan yo ta dwe konsilte biwo apwopriye a imedyatman nan CUNY oswa SUNY pou konnen kijan yo dwe pwouve y ap viv nan eta a pou yo jwenn eskolarite kòm moun k ap viv nan eta a. Etidyan yo ta dwe asire yo resevwa aplikasyon pou rezidans yo byen vit pou asire yo p ap gen pou peye eskolarite ki pi chè kòm moun k ap viv deyò eta a.

ÈSKE ETIDYAN IMIGRAN YO KAPAB RESEVWA BOUSDETID OSWA ÈD FINANSYE POU KOLÈJ?

Etidyan ki pa gen papyè imigrasyon yo pa kalifye pou pwogram èd finansye prensipal leta oswa federal, men yo kapab aplike pou bousdetid ak prè prive. Yon fason espesyal, etidyan ki pa gen papyè imigrasyon yo pa kalifye pou Pwogram Èd Eskolarite [Tuition Assistance Program (TAP)] Eta New York, Èd Eta New York pou Etidyan Atan-Pasyèl [Aid for Part-Time Study (APTS)], Sibvansyon Pell, Sibvansyon Federal Sipleman tè pou Edikasyon [Federal Supplemental Educational Opportunity Grants (FSEOG)], Prè Perkins, Prè Stafford, Prè pou Paran pou Etidyan Premye oswa Dezyèm Sik [Parent Loans for Undergraduate Students (PLUS)], oswa Etid pou Travay Federal (Federal Work Study).

CUNY ak SUNY gen yon ti kantite bousdetid ki disponib pou tout etidyan yo kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo. Men kèk nan chwa bousdetid ak èd finansye sa yo:

- **Pwogram pou Opòtinite Edikasyonèl [Educational Opportunity Program (EOP)]:** yon sibvansyon ki disponib ki etidyan SUNY ki defavorize sou plan ekonomik ak edukasyonèl.
- **Rechèch Edikasyon, Pozisyon Sosyal Avanse ak Konesans [Search for Education, Elevation, and Knowledge (SEEK)]:** sanble avèk EOP, egziste nan kolèj CUNY sou kat (4) ane.
- **College Discovery (CD):** sanble avèk EOP, egziste nan kolèj CUNY sou de (2) ane.

Anjeneral, etidyan ki resevwa youn nan sibvansyon sa yo resevwa lajan pou frè ak liv. Etidyan yo resevwa lesou patikilye ak sèvis konsèy sou karyè ak sèvis konsèy pèsònèl tou.

Pou aplike pou pwogram sa yo, etidyan yo dwe koche kaz EOP, SEEK oswa CD sou aplikasyon pou admisyon estanda CUNY oswa SUNY. Etidyan yo dwe bay prèv ki montre kalifikasyon ekonomik yo pou yo aplike pou sibvansyon sa yo. Yo kapab jwenn èd konseye èd finansye kolèj la pou aplikasyon an.

Pwogram Bousdetid Akademik Peter F. Vallone

Se yon bousdetid CUNY yo bay pou elèv atanplen ki te diplome nan yon lekòl segondè Vil New York epitou ki gen yon mwayèn nòt kimilatif ak yon pwofil akademik admisib. Yo konsidere tout moun ki aplike pou SUNY otomatikman pou bousdetid sa a. Etidyan yo pa bezwen ranpli yon fòm aplikasyon.

Honors College

Yo ofri pwogram Honors College nan kolèj CUNY ki endike anba la yo: Baruch College, Brooklyn College, Hunter College, City College, Lehman College, Queens College ak The College of Staten Island. Apati ane 2007, pwogram Honors College te ofri eskolarite konplè ak frè, yon kont depans \$7,500 dola ak lòt èd pou moun ki aplike yo chwazi.

Etidyan yo ka aplike pou Honors Colleges nan mwa septanm dènye ane yo nan lekòl segondè. Yon aplikasyon pou yon Honors College ap sèvi tou kòm yon aplikasyon pou pwogram CUNY regilye. Admisyon an baze sou reyalyasyon akademik, yon disètasyon, kèk rekòmandasyon, epi nan kèk ka, li baze sou yon entèvyou.

Resous Èd Finansye Prive

Sitwèb ki endike anba la yo bay enfòmasyon sou kèk bousdetid prive ki disponib pou etidyan ki pa gen pape imigrasyon:	
Mexican American Legal Defense and Education Fund	www.maldef.org/leadership/Scholarships
Students Opening Doors for Others	http://www.neighborhoodlink.com/Students_Opening_Doors_For_Others_SODO/pages/456022

Bousdetid ki Espesyal pou Lekòl

Etidyan ki aplike pou inivèsite oswa kolèj prive yo ka kalifye pou kèk pwogram èd finansye prive nan lekòl sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite èd sa yo, etidyan yo kapab ale nan biwo èd finansye kolèj oswa inivèsite kote yo vle ale a. Anpil bousdetid ki baze sou merit yo finanse nan lekòl yo pa egzije etidyan yo pou yo se yon sitwayen Etazini.

Prè

Anpil lekòl ofri lòt mwayen prive parapò ak prè federal ak prè leta. Menmsi pifò prè prive yo egzije pou etidyan an se yon sitwayen Etazini oswa pou li gen grinkat, kalifikasyon an ka pa menm selon kalite prè a ak enstitisyon ki prete lajan an. Etidyan ki gen yon istwa avèk yon bank patikilye ka vle anvizaje aplike pou yon prè prive etidyan nan enstitisyon an.

Nan anpil inivèsite oswa kolèj, Dwayen an kapab otorize prèv yo sou yon baz endividyèl. Yo bay kantite lajan prè yo ak to enterè yo selon jijman Dwayen an, epi kondisyon yo depannde règleman lekòl la apa. Etidyan an ka pran yon randevou avèk Dwayen kolèj la pou diskite sou posiblite kalite prè sa a.

Vyolans nan Kay, Abi ak Trafik

KISA VYOLANS NAN KAY YE?

Gen vyolans nan kay ant patnè entim adilt, tankou ant yon madanm ak mari, ant manm fanmi oswa ant moun ki nan lòt relasyon entim. Vyolans nan kay se yon krim ki kapab gen ladan abi fizik, abi emosyonèl, abi ekonomik ak abi seksyèl. Anpil fanm viktim abi anba men mari yo oswa boubout yo. Vyolans nan kay afekte relasyon ant moun menm sèks ak gason kòm viktim tou.

KISA ABI SOU GRANMOUN AJE YE?

Kapab gen abi sou granmoun aje lè yon manm fanmi oswa yon moun k ap bay swen maltrete yon granmoun aje oswa yon moun andikape. Abi sou granmoun aje kapab gen ladan abi fizik, abi seksyèl, abi sikolojik oswa ekonomik oswa neglijan. Li kapab gen ladan tou refi pou bay yon granmoun aje manje ak swen medikal.

KISA ABI SOU TIMOUN YE?

Kapab gen abi sou timoun lè yon paran, moun k ap bay swen, frè/sè, manm fanmi ak lòt moun fè yon timoun mal sou plan fizik oswa emosyonèl. Si paran yo fè mal konsa sou yon timoun li kapab ilegal epitou sa kapab lakòz yo retire timoun sa a nan menm paran li.

KISA TRAFIK MOUN YE?

Chak ane, yo mennen anpil milye fanm, gason ak timoun nan oswa ant New York pou trafik sèks oswa pou travay fòse tankou pwostitasyon, agrikilti, travay nan kay, travay konstwiksyon ak atelye eksplwatasyon. New York gen lwa solid ki pwoteje ak ede moun ki viktim nan trafik sa yo. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn èd pou moun ki viktim nan trafik, gade dènye paj seksyon dwa travayè ki nan manyèl sa a.

Plis Enfòmasyon sou Trafik Moun	
Pou rapòte yon posib vyolans nan kay ansanm ak abi sou granmoun aje, rele Liy Dirèk Safe Horizon Domestic Violence	(800) 621-HOPE (800-621-4673) <i>24 sou 24, 7 jou sou 7</i>
Pou rapòte abi ou sispèk yo fè sou timoun nan New York, rele Liy Dirèk Eta New York pou Rapòte Abi sou Timoun	(800) 342-3720
Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis gouvènman Vil la ki kapab ede ou pou vyolans nan kay	Rele 311 oswa ale sou sitwèb http://www.nyc.gov/html/ocdv/html/home/home.shtml

Dwa Travayè

KI DWA TRAVAYÈ IMIGRAN YO GENYEN?

Salè Minimòm

Tout travayè, kèlkeswa dosye imigrasyon yo, gen dwa pou touche pou travay yo fè epitou patwon yo dwe peye travayè yo yon salè minimòm. Apati ane 2014, nan Eta New York, salè minimòm nan se \$8.75 dola pa èdtan.

Yon travayè ki touche poubwa ka touche yon salè minimòm ki pi ba selon endistri kote l ap travay la. Travayè livrezon nan restoran, sèvè manje nan restoran ak travayè livrezon rad ki soti nan lesiv se kèk egzanp travayè ki resevwa poubwa ki ka touche yon salè minimòm pi ba. Men, gen lòt egzijans konsènan poubwa travayè sa yo resevwa. Travayè ki resevwa poubwa yo ka frajil pou viktim abi patwon yo selon fason yo jere poubwa yo. Ou ka jwenn lòt konsèy sou dwa travayè pou jwenn poubwa nan Depatman Travay New York nan nimewo (888)-469-7365.

Salè Siplemanchè

Lè yon travayè travay pandan plis pase 40 èdtan nan yon semèn, patwon li dwe peye li 1 ½ fwa salè pa èdtan regilye travayè a pou chak èdtan siplemanchè. (Pa egzanp, si yon travayè touche nòminal \$8:00 pa èdtan, lè sa a travayè a ta dwe resevwa \$12.00 dola pou chak èdtan li travay anplis 40 èdtan yo nan yon semèn.) Travayè k ap viv nan kay patwon an gen yon dwa pou salè siplemanchè pa èdtan apre 44 èdtan travay nan yon semèn.

- Yon travayè ki kite djòb li gen dwa pou touche tout salè yo pou tout èdtan li te travay yo.
- Travayè yo gen dwa pou touche alè. Anjeneral, sa vle di travayè touche chak semèn oswa chak de (2) semèn.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa konsènan salè minimòm obligatwa ak lwa konsènan travay siplemanchè oswa pou mande fòmasyon sou dwa legal sa yo pou yon gwoup oswa pou yon òganizasyon, ou ka rele:

Depatman Travay Eta New York	(212) 775-3880
Biwo Dwa Travayè Imigran (Bureau of Immigrant Workers' Rights)	(212) 775-3665
Divizyon Travay Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York	(212) 416-8700
Legal Aid Society Employment Law Project	(888) 218-6974
MFY Legal Services	(212) 417-3838 <i>Jou lendi ak jou madi, ant 2-5 p.m.</i>

Pou fè yon reklamasyon pou salè ou pa touche oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa yo, ou ka kontakte tou:

Depatman Travay Etazini, Divizyon Salè ak Orè Travay (U.S. Department of Labor, Wage & Hour Division)	26 Federal Plaza, Room 3700 New York, NY 10278 (212) 264-8185 oswa (866) 487-9243
Depatman Travay Eta New York, Divizyon Kondisyon Travay	75 Varick Street, 7 th Fl., New York, NY 10013 (212) 775-3880

SALÈ AK AVANTAJ KI ANVIGÈ

Anplwaye antreprenè oswa soutretan k ap travay sou pwojè travo-piblik yo oswa k ap fè travay sou sèten kontra sèvis avèk ajans gouvènman (vil, eta oswa federal) gen dwa pou yo touche salè pa èdtan ak tarif avantaj ki anvigè lalwa fikse. Pwojè travo-piblik yo se pwojè ki gen pou wè ak konstwiksyon, ranplasman, antretyen ak reparasyon pwopriyete ki sèvi piblik la, tankou lekòl leta yo, lari yo ak pak yo. Egzanp kèk metye yo itilize pou travay sou pwojè travo-piblik yo se elektrisyen, plonbye ak ouvriye. Antreprenè oswa soutretan ki peye pi piti lajan pase salè pa èdtan ak tarif avantaj ki anvigè vyole lalwa. Salè ki anvigè a souvan pi plis pase salè minimòm nan.

Si yon anplwaye kwè patwon an pa peye li ase, li ta dwe fè yon plent alekri nan ajans konpetan gouvènman ki endike anba la a. Si yo detèmine patwon an pa peye travayè a ase, travayè a gen dwa legal pou touche nan men patwon an lajan yo dwe li a.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou fè yon plent konsènan vyolasyon salè ki anvigè, rele:

Biwo Kontwolè Finansye Vil New York (Office of the New York City Comptroller)	Office of the New York City Comptroller Bureau of Labor Law One Centre Street, Room 1122 New York, New York 10007 (212) 669-4443
Biwo Travo-Piblik Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor Bureau of Public Works)	New York State Department of Labor Bureau of Public Works Adam Clayton Powell Jr. SOB 163 West 125th Street, Room 1307 New York, New York 10027 (212) 775-3568
Depatman Travay Etazini, Divizyon Salè ak Orè Travay (U.S. Department of Labor, Wage & Hour Division)	United States Department of Labor Wage & Hour Division 26 Federal Plaza, Room 3700 New York, New York 10278 (212) 264-8185

KI OBLIGASYON YON PATWON GENYEN?

- Patwon yo gen obligasyon dapre lalwa pou konsève dosye kantite èdtan anplwaye yo te travay, kantite lajan yo te peye anplwaye yo, ak nenpòt dediksyon yo te fè nan chèk peman anplwaye yo.
- Patwon yo ka pran lajan nan chèk peman yon anplwaye pou taks federal ak taks leta, kotizasyon sendika, avantaj sante ak pansyon, ak peman sipò timoun.
- Patwon yo pa ka pran lajan pou peye pou bagay anplwaye a kraze, pou move rannman nan travay la, kòm pinisyon poutèt anplwaye a rive anreta nan travay la, oswa pou frè pou achte oswa pou lave inifòm.
- Patwon yo pa ka pran lajan pou frè sèvis transpò si vwayaj la se pou avantaj patwon an.
- Patwon yo dwe bay anplwaye yo yon etadkont salè avèk chak peman.
- Etadkont lan dwe gen ladan nenpòt dediksyon oswa alokasyon patwon an pran, kantite èdtan anplwaye a travay, salè patwon an peye, salè brit (anvan dediksyon), ak salè nè (apre dediksyon).
- Patwon yo pa ka ni mande ni aksepte nenpòt pati nan poubwa yon travayè.

KIJAN YON TRAVAYÈ KAPAB PWOTEJE TÈT LI KONT PRATIK ILEGAL YON PATWON?

Travayè yo ta dwe kenbe bon dosye enfòmasyon pou kontakte patwon yo, souch peman oswa resi, kantite èdtan yo te travay, ak kantite lajan yo touche. Si ou gen dosye sa yo sa ap ede ou kòm prèv si gen yon ankèt oswa yon plent yo fè.

Travayè yo ta dwe pale avèk kamarad travay yo, epitou yo ta dwe ankouraje kamarad travay yo pou kenbe dosye ak pwoteje dwa yo. Tank travayè yo pi byen konnen dwa yo, tank ap gen plis presyon sou patwon an pou li respekte lalwa.

KIJAN YON TRAVAYÈ PWOTEJE KONT DISKRIMINASYON?

Travayè yo gen dwa pou yo pa viktim diskriminasyon nan djòb la oswa lè y ap chèche yon djòb. Lalwa entèdi patwon yo pou yo pratike diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks (ki gen gwosès ladan), laj, andikap, orijin nasyonal moun (ki gen ladan kote moun fèt, zansèt, kilti oswa lang), sitiyoasyon sitwayènte, relijyon, preferans seksyèl, ak lòt kategori. Travayè ki viktim pratik diskriminasyon gen dwa pou fè yon plent kont patwon yo. Patwon an pa gen dwa pou fè vanjans oswa pou fè aksyon negatif kont yon travayè poutèt travayè a pote plent.

- Patwon yo gen obligasyon pou asire anplwaye yo gen bon jan papye travay nan kèk jou apre yo kòmanse travay, epitou patwon yo gen pèmisyon pou mande sèlman sèten papye imigrasyon. Patwon yo pa ka verifye papye yon anplwaye yo oswa papye yon moun ki aplike pou travay akòz orijin nasyonal yo, oswa paske moun nan sanble oswa sonnen tankou "etranje."
- Patwon yo dwe bay aranjman rezonab pou kwayans relijye anplwaye yo oswa fiti anplwaye yo (pa egzannp, aksepte pou anplwaye yo pa travay nan yon jou ferye) sof si sa ta lakòz yon sitiyoasyon difisil pou patwon an.
- Patwon yo pa ka mande moun ki aplike pou yon djòb si yo gen yon andikap, men patwon yo ka mande si moun nan kapab fè travay prensipal djòb la. Patwon yo gen obligasyon tou pou bay aranjman rezonab pou travayè ki andikape yo sof si sa ta yon fado difisil pou biznis lan.

Si yon travayè panse li te viktim diskriminasyon nan djòb la oswa lè l ap chèche yon djòb, li ka fè yon plent nan youn nan biwo ki endike anba la yo:

Komisyon Etazini pou Opòtinite Travay Egalego Pou Tout Moun [Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)]	33 Whitehall Street New York, NY 10004 (800) 669-4000
Divizyon Eta New York pou Dwa Moun (New York State Division of Human Rights) – Biwo Santral	One Fordham Plaza, 4 th Floor Bronx, NY 10458 (718) 741-8400
Komisyon Vil New York pou Dwa Moun	100 Gold Street, Suite 4600 New York, NY 10038 (212) 306-7450 oswa (212) 306-5070

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou rezoud diskriminasyon kont imigran nan espas travay, ou ka kontakte tou Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition) nan nimewo (212) 627-2227.

SEKIRITE NAN TRAVAY

Travayè yo gen dwa pou yon espas travay san danje pou sante ak sekirite yo. Yo gen dwa pou jwenn nenpòt enfòmasyon patwon yo genyen sou posiblite pou yo ekspoze nan danje tankou sibstans chimik toksik oswa bwi nan espas travay la. Travayè yo gen yon dwa tou pou nenpòt dosye medikal patwon yo genyen ki konsène yo. Yon travayè kapab fè plent ba patwon ou li sou kondisyon travay danjere.

Travayè yo gen yon dwa pou fè plent ba Administrasyon Etazini Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] epitou pou mande enspeksyon espas travay la. Yo gen dwa pou reponn kesyon yon enspektè OSHA epi pou yo montre danje, tankou pou yo dekri aksidan oswa maladi epitou pou yo eksplike si patwon an te retire nenpòt danje pou yon ti tan sèlman pou enspeksyon an. Travayè yo kapab fè plent ba OSHA san yo pa endike non yo si yon travayè vle fè sa, OSHA p ap bay patwon an non anplwaye a.

Aprè enspeksyon an, travayè yo gen dwa pou resevwa rezilta yo, epi pou rankontre anprive avèk enspektè epi pou diskite sou rezilta yo.

Travayè ki panse yo viktim diskriminasyon poutèt yo fè plent konsènan sekirite oswa sante nan travay ka fè yon plent nan 30 jou apre aksyon negatif depi yo kontakte:

Biwo Rejyonal OSHA Depatman Travay Etazini	201 Varick Street, Room 670 New York, NY 10014 (212) 337-2378 oswa (800) 321-6742 (liy dirèk pou ijans)
Biwo OSHA nan Vil New York	201 Varick Street, Room 908 New York, NY 10014 (212) 620-3200
Komisyon Vil New York pou Dwa Moun	100 Gold Street, Suite 4600 New York, NY 10038 (212) 306-7450 oswa (212) 306-5070

Lòt enfòmasyon sou sekirite ak sante nan travay disponib nan biwo Komite New York pou Sekirite ak Sante nan Travay [New York Committee for Occupational Safety and Health (NYCOSH)] nan nimewo (212) 227-6440 ak sou sitwèb www.nycosh.org.

KONPANSASYON TRAVAYÈ

Travayè ki malad oswa ki pran chòk akòz djòb yo gen dwa pou resevwa konpansasyon. Nan New York, travayè imigran ki gen papyè imigrasyon ak sa ki pa genyen ka kalifye. Pifò anlwaye atanplen ak anlwaye atan-pasyèl kalifye, menmsi yo te touche an lajan kach, menmsi yo te touche “anba tab”, oswa menmsi yo trete yo kòm yon antreprenè endepandan.

Avantaj Konpansasyon Travayè yo ka gen ladan: (1) konpansasyon pou swen ak tretman medikal pou chòk ak maladi yo pran nan travay; (2) avantaj an lajan kach si chòk la oswa maladi a anpeche yon travayè travay; epi (3) avantaj pou lanmò pou madanm/mari ki vivan oswa timoun depandan yon travayè ki te mouri nan djòb la.

Travayè yo ta dwe fè patwon yo konnen chòk yo pran nan travay la imedyatman fas-a-fas oswa alekri. Fòm enpòtan ki nan reklamasyon konpansasyon yon travayè se C-3 ak C-4. C-3 de fòm aplikasyon an travayè a dwe ranpli. Se doktè travayè a ki dwe ranpli fòm C-4.

Ou kapab jwenn fòm sa yo nan biwo Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York epitou yo disponib sou sitwèb Komisyon an nan <http://www.wcb.ny.gov/content/main/Forms.jsp>.

Ou ka soumèt fòm C-3 ak C-4 nan yon reklamasyon konpansasyon travayè ba Komisyon Konpansasyon Travayè nan:	
Brooklyn	111 Livingston Street, 22 nd Floor, Brooklyn, NY 11201
Bronx/Manhattan	215 W. 125 th Street, New York, NY 10027
Queens	168-46 91 st Avenue, Jamaica, NY 11432
Staten Island	60 Bay Street, Staten Island, NY 10301

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konpansasyon Travayè, kontakte Komisyon Konpansasyon Travayè nan nimewo (877) 632-4996.

LWA SOU KONJE FAMILYAL POU REZON MEDIKAL FAMILY AND MEDICAL LEAVE ACT (FMLA)

FMLA aplike pou patwon ki gen omwen 50 anlwaye sou yon distans 75 mil. Yon travayè ki te travay pou yon patwon konsa pandan omwen yon ane epi ki te travay pandan omwen 1,250 èdtan pou menm patwon an pandan peryòd la ka kalifye pou apeprè 12 semèn konje san peye chak ane (li ka pran konje a tanzantan) pou akouchman yon timoun, adopsyon yon timoun, pou pran swen yon timoun oswa yon manm fanmi ki gen yon eta sante grav, oswa pou pran swen eta sante pa li. Yon eta sante grav kapab se nenpòt maladi, chòk, twoub oswa eta sante fizik oswa eta sante mantal ki bezwen pou moun nan entèn nan lopital oswa pou resevwa swen sante yon pwofesyonèl swen sante san pran souf.

Anplwaye yo ta dwe bay yon preyavi sou omwen 30 jou epitou yo dwe bay yon sètifika medikal si patwon mande li.

Li ilegal pou yon patwon fè yon aksyon negatif kont yon anplwaye poutèt yon anplwaye pran oswa mande konje oswa poutèt anplwaye a vyole dwa yon anplwaye nan nenpòt fason anba FMLA.

Pou fè yon plent konsènan vyolasyon FMLA, kontakte: U.S. Department of Labor, Wage & Hour Division, 26 Federal Plaza, Room 3700, New York, NY 10278, (212) 264-8185 or (866) 487-9243

ASIRANS CHOMAJ

Se yon revni pou yon ti tan pou travayè kalifye ki te pèdi djòb yo san se pa fòt yo epi ki pare, ki vle epi ki kapab travay.

Yon moun ta dwe aplike pou asirans chomaj imedyatman apre li vin p ap travay pou li pa pèdi avantaj yo. Moun ki aplike pou asirans chomaj ta dwe asire yo gen tout dokiman ki obligatwa pou aplikasyon an yon fason pou aplikasyon an pran reta. W ap bezwen enfòmasyon ki endike anba la yo:

- Nimewo Sekirite Sosyal Ou
- Adrès postal ou ak kòd postal ou
- Yon nimewo telefòn kote yo kapab kontakte ou pandan lè biwo louvri
- Prenon ak non fanmi, adrès, kòd postal ak nimewo telefòn tout patwon ou te travay pou yo nan dènye 18 mwa yo
- Salè total ou anvan dediksyon pou tout patwon ou te travay pou yo nan dènye 18 mwa yo (souch chèk peman, W-2, elatriye)
- Kat anrejistreman etranje ou (si ou gen youn)
- Si ou te travay pou gouvènman federal, kopi fòm SF8 ak SF50
- Pou moun ki te manm nan yon sèvis fòs lame pa twò lontan, y ap bezwen yon kopi dènye fòm separasyon DD214 yo
- Lisans chofè Eta New York ou oswa nimewo kat ID Veyikil-a-Motè ou (si ou gen youn)

Pou fè yon reklamasyon pou asirans chomaj, rele nimewo (888) 209-8124. Gen èd nan anpil lang ki disponib nan nimewo telefòn sa a. Ou ka aplike tou sou entènèt sou sitwèb <http://www.labor.ny.gov/unemploymentassistance.shtm>

KI KOTE TRAVAYÈ YO KAPAB ALE POU YO JWENN ÈD POU JWENN YON DJÒB OSWA POU JWENN FÒMASYON POU DJÒB?

Sant NYC Workforce1 Career yo ede moun jwenn yon djòb epi prepare yo pou yon djòb. Sant yo bay enfòmasyon sou nouvo djòb yo epi yo bay moun referans pou klas fòmasyon edikasyonèl ak klas fòmasyon ladrès pou metye.

Se Depatman Sèvis pou Ti Biznis Vil New York (New York City Department of Small Business Services), Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor) ak City University of New York ki alatèt san yo. Ou ka kontakte Sant yo depi ou rele 311 oswa depi ou ale nan youn nan biwo sa yo:

Sant NYC Workforce1 Career	
Bronx	400 E. Fordham Rd., Bronx, NY 10458
Brooklyn	9 Bond Street, 5 th Floor, Brooklyn, NY 11201
Pati Nò Manhattan	215 W. 125th Street, 6 th Floor, New York, NY 10027
Queens	168-46 91st Ave., 2 nd Floor, Jamaica, NY 11432
Staten Island	120 Stuyvesant Pl., Staten Island, NY 10301

KISA YON SANT TRAVAYÈ POU JOU FÈT TRAVAY YE?

Sant travayè pou jou fèt travay se espas yo devlope pou sipòte ak pwoteje ouvriye lajounen ki ta chèche djòb pandan y ap tann nan lari.

Olye yon ouvriye lajounen kanpe nan yon espas pakin pou tann travay la, li kapab ale nan yon sant travay, kote yo bay referans pou djòb nan yon fason ki pi òganize, epi patwon yo dwe respekte règ ki anpeche yo pran avantaj sou travayè yo. Sa ede evite abi sou dwa sou travay ak abi sou dwa sivil, epi pou amelyore kondisyon travay la, epitou pou evite salè patwon an pa peye.

Anjeneral, sant travay sa yo kontwole ak ranfòse salè minimòm nan, travay siplemantè, sante ak sekirite, ak lòt lwa travay. Kèk ladan yo bay klas ESL ak fòmasyon pou jwenn djòb tou.

KISA TRAFIK MOUN YE?

Chak ane, yo mennen anpil milye fanm, gason ak timoun nan oswa ant New York pou travay fòse tankou pwostitisyon, agrikilti, travay nan kay, travay konstwiksyon ak atelye eksplwatasyon. New York gen lwa solid ki pwoteje ak ede moun ki viktim nan trafik sa yo.

Rapòte krim trafik oswa jwenn èd depi ou rele:	
Liy pou Pote Plent ba Gwoup Travay sou Trafik Moun ak Eksplwatasyon Travayè	(888) 428-7581 <i>Lendi – vandredi: 9am-5pm</i>
Sèvis Edikasyon ak Gid pou Tifi [Girls Educational and Mentoring Services ("GEMS")]	(212) 926-8089
Biwo Pwokirè Distri Konte New York (Manhattan), Inite Kont Krim Sèks	(212) 335-9373
Biwo Pwokirè Konte Kings (Brooklyn), Inite Kont Trafik Sèks	(718) 250-2770
Biwo Pwokirè Distri Konte Bronx, Biwo pou Krim Abi sou Timoun/Krim Sèks	(718) 590-2195
Biwo Pwokirè Distri Konte Queens, Biwo Espesyal pou Viktim	(718) 286-6505
Biwo Pwokirè Distri Konte Richmond, Biwo Espesyal pou Viktim	(718) 876-6300

Fòm Deklarasyon Taks sou Revni

POU KISA YON MOUN TA DWE RANPLI YON FÒM DEKLARASYON TAKS?

- Pifò moun k ap viv nan Etazini gen obligasyon pou deklare taks sou revni yo, epi yo dwe fè sa nan dat 15 avril.
- Deklarasyon taks se yon bagay ki enpòtan pou montre si ou kalifye pou anpil avantaj imigrasyon.
- Fanmi ki pa touche ase revni oswa ki touche revni modere epi ki deklare taks sou revni yo kapab resevwa kredi taks oswa yon ranbousman lajan taks.

KIMOUN KI GEN OBLIGASYON POU RANPLI FÒM DEKLARASYON TAKS SOU REVNI?

Prèske tout travayè gen obligasyon pou ranpli fòm deklarasyon taks sou revni yo. Moun ki touche anba yon sèten revni pa gen obligasyon pou deklare taks sou revni yo. Men, menmsi yon moun pa gen obligasyon pou deklare taks sou revni li, li toujou gen pèmisyon pou ranpli yon fòm deklarasyon. Ou ka vle ranpli yon fòm taks deklarasyon sou revni menmsi li pa obligatwa 1) pou detèmine yon lis deklarasyon taks sou revni ou fè pou jwenn avantaj imigrasyon oswa lòt avantaj, 2) pou resevwa posib kredi taks oswa avantaj pidevan.

KISA YON NIMEWO IDANTIFIKASYON KONTRIBIYAB ENDIVIDYÈL [INDIVIDUAL TAXPAYER IDENTIFICATION NUMBER (ITIN)] YE?

Yon ITIN se yon nimewo Internal Revenue Service (IRS) bay pou fasilite yon moun deklare taks sou revni li epi pou peye taks. Moun ki pa kalifye pou yon Nimewo Sekirite Sosyal [Social Security Number (SSN)] kapab itilize li. Paske ITIN disponib pou diferan kalite moun ki pa gen nimewo Sekirite Sosyal, tankou moun ki gen dosye imigrasyon ilegal, li pa devwale ki kalite dosye imigrasyon yon moun genyen.

ITIN pa bay otorizasyon pou travay, kalifikasyon pou avantaj Sekirite Sosyal, oswa kalifikasyon pou Kredi Taks sou Revni Pwofesyonèl. Ou pa ta dwe janm itilize li pou travay.

Pou aplike pou yon ITIN:	
Telechaje yon fòm aplikasyon	www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw7.pdf (Lang Anglè) www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw7sp.pdf (Panyòl)
Rele nimewo	(800) TAX FORM (829-3676)

Yon moun kapab voye aplikasyon yo pou ou pa lapòs nan:

Internal Revenue Service Austin Service Center
ITIN Operation
P.O. Box 149342
Austin, TX 78714-9342

Oswa aplike anpèsòn avèk yon Ajan Akseptasyon oswa nan yon Sant Èd Kontribiyab.

KISA KREDI TAKS SOU REVNI PWOFFESYONÈL [EARNED INCOME TAX CREDIT (EITC)] YE?

Fanmi k ap travay ki touche anba yon sèten nivo revni kapab resevwa Kredi Taks sou Revni Pwofesyonèl, ki se yon peman lajan ba fanmi an. EITC bay ranbousman lajan taks federal, lajan taks leta ak lajan taks vil la pou fanmi ak moun ki kalifye pou ede yo fè depans debaz yo. Fanmi k ap travay epi ki touche mwens pase \$47,747 dola (\$53,267 dola si yo marye epi si yo ranpli deklarasyon taks sou revni ansanm) chak ane kapab kalifye pou apeprè \$6,242 dola.

Kantite lajan ranbousman an depannde revni fanmi an ak eta sivil ak sitiyasyon paran moun yo.

Pou reklame EITC, kontribiyab ki kalifye yo dwe gen revni yo touche epi yo dwe ranpli yon fòm deklarasyon taks sou revni.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou EITC ak fason ou kapab reklame li, rele 311 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/eitc.

Lojman

KISA MWEN KAPAB FÈ SI MWEN GEN PWOBLÈM AVÈK KONDISYON APATMAN MWEN?

Ou gen dwa pou egzije mèt kay ou pou li fè sèten reparasyon nan apatman ou epitou pou li asire ou gen chofaj ak dlo cho. Mèt kay ou gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe apatman yo nan yon kondisyon ki fasil pou abite ladan yo epi pou ba ou chofaj ak dlo cho.

Pou fè yon plent konsènan chofaj oswa dlo chof ki pa ase oswa konsènan reparasyon nan apatman ou ki pa t fèt, kontakte Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (NYC Department of Housing Preservation and Development) depi ou rele 311.

KISA POU MWEN FÈ SI MÈT KAY MWEN MENASE POU RAPÒTE DOSYE IMIGRASYON MWEN?

Li ilegal pou yon mèt kay asele lokatè yo epi pou menase pou trete yon moun yon fason diferan akòz dosye imigrasyon li.

Pou pote plent konsènan asèlman mèt kay, kontakte Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York (New York State Division of Housing and Community Renewal) nan nimewo (718) 739-6400 si w ap viv nan yon apatman pri lwaye kontwole.

Si w ap viv nan yon apatman ki gen pri lwaye ki pa kontwole, kontakte Komisyon Dwa Moun Vil New York (New York City Human Rights Commission) nan nimewo (212) 306-7500.

KIMOUN MWEN KAPAB RELE SI MWEN SE YON SANZABRI?

Nenpòt moun, kèlkeswa dosye imigrasyon li, kalifye pou abri pou ijans.

Pou jwenn èd si ou se yon sanzabri, kontakte Depatman Sèvis pou Sanzabri Vil New York (NYC Department of Homeless Services) nan nimewo (800) 994-6494.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lojman, tanpri ale nan seksyon Avantaj Piblik (paj 11).

Sitwayènte

KIMOUN KI KALIFYE POU APLIKE POU VIN SITWAYEN ETAZINI?

Yon moun kalifye pou aplike pou sitwayènte Etazini si li:

- Se yon rezidan pèmanan legal epitou si li gen mwen laj 18 tan.
- T ap viv nan Etazini kòm yon rezidan pèmanan legal pandan mwen 5 ane, oswa si li te marye epi si li t ap viv avèk sitwayen Etazini pandan 3 zan.
- Kapab montre li gen "bon pèsonalite moral."
- Kapab li, pale ak ekri Lang Anglè òdinè epitou si li konprann gouvènman ak istwa Etazini.

Sèten moun aje oswa moun andikape ka jwenn egzansyon nan egzijans pou Lang Anglè a. Yon moun ka jwenn egzansyon nan egzijans Lang Anglè a si li:

- Gen laj 50 tan epi si li t ap viv nan Etazini pandan 20 tan
OSWA Gen laj 55 tan epi si li t ap viv nan Etazini pandan 15 zan

Nan ka sa yo, moun nan dwe toujou gen konesans sou istwa ak gouvènman Etazini, men li ka fè sa nan lang natifnatal li. Egzamen yo bay nan lang natifnatal yon moun fèt aloral. Yo pa teste konpetans pou li ak ekri.

Moun ki gen sèten andikap ka jwenn egzansyon nan tout egzijans pou Lang Anglè ak istwa ak gouvènman Etazini.

Anvan ou aplike pou sitwayènte a, li enpòtan pou pale avèk yon avoka konpetan oswa avèk yon konsiltan pou asire ou kalifye ak pare pou aplike pou sitwayènte a. Ou dwe pran anpil prekosyon lè w ap chwazi yon avoka konpetan oswa yon konsiltan pou ede ou avèk kesyon sou sitwayènte ak imigrasyon. Si ou resevwa konsèy ki pa bon oswa ki pa egzat sou imigrasyon ou gen risk epi sa kapab lakòz ou pèdi tan ak lajan, epi, nan kèk ka, sa kapab lakòz ou anba depòtasyon.

Pou jwenn èd legal konsènan kesyon sou sitwayènte ak imigrasyon, kontakte òganizasyon ki endike anba la yo:

Liy Dirèk Imigrasyon New York	(212) 419-3737 oswa (800) 566-7636
Panèl Referans nan Asosyasyon Bawo (Bar Association Referral Panel):	(212) 626-7373 (Pou jwenn yon avoka prive)
Kowalisyon Nò Manhattan pou Dwa Imigran [Northern Manhattan Coalition for Immigrants Rights (NMCIR)]	(212) 781-0355 x305 (pou jwenn èd gratis pou aplikasyon pou sitwayènte)

<p>CUNY Citizenship Now! Sant yo:</p>	<p>Immigration Center at City College North Academic Center, Room 1-206 160 Convent Avenue New York, NY 10031 (212) 650-6620</p> <p>Immigration Center at Hostos Community College 427 Walton Avenue, T-501 Bronx, NY 10451 (718) 518-4395</p> <p>Medgar Evers College Immigration Center 1150 Carroll St., Rm. 226 Brooklyn, NY 11225 (718) 270-6292</p> <p>Flushing Immigration Center 39-07 Prince Street, Suite 2B Flushing, NY 11354 (718) 640-9223</p> <p>CUNY Immigration Center at York College 94-20 Guy R. Brewer Blvd. Welcome Center Atrium Jamaica, NY 11451 (718) 262-2983</p>
--	--

KIJAN YON MOUN APLIKE POU SITWAYÈNTE ETAZINI?

- **Aplikasyon** – Si yon moun detèmine li kalifye pou aplike pou sitwayènte epi si pa gen risk nan aplikasyon an, li dwe soumèt yon aplikasyon (fòm N-400) ak frè aplikasyon an nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini [U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS)]. Frè total aplikasyon an pou pifò moun apati ane 2008 se \$680 dola. USCIS ap bay yon randevou pou fè anprent dijital moun ki aplike a. USCIS ap mennen ankèt sou dosye kriminel yon moun ki aplike pou risk sekirite.
- **Entèvyou** – Apre moun ki aplike a soumèt aplikasyon an, USCIS ap pran yon randevou avèk li. Pandan entèvyou a, moun ki aplike a dwe montre li maton nan Lang Anglè epitou li dwe montre li gen konesans nan istwa ak gouvènman Etazini depi li reponn kèk kesyon epitou depi li fè sèten egzèsis.
- **Deklarasyon sou Sèman ak prestasyon sèman** – Si yo apwouve aplikasyon an, moun ki aplike a dwe fè yon Sèman Fidelite, pou abandone fidelite a peyi etranje li ak tit yo epitou pou li sèman pou sipòte ak defann Konstitisyon ak lwa Etazini.

USCIS ka anile egzijans pou deklarasyon sou sèman an pou moun ki aplike ki gen yon andikap grav ki anpeche li konprann siyifikasyon deklarasyon sou sèman an ak siyifikasyon li.

Plis enfòmasyon sou USCIS	
Kontakte: Sitwèb USCIS/Sèvis Entènèt (Kesyon sou entèvyou pou natiralizasyon, nouvèl, ak fòm USCIS)	www.uscis.gov
Sèvis Nasyonal Kliyantèl USCIS Enfòmasyon sou avantaj ak sèvis imigrasyon, sitiwayon aplikasyon, anprent dijital, adrès lokal USCIS ak doktè USCIS apwouve pou fè egzamen medikal	(800) 375-5283
Pou jwenn nenpòt fòm USCIS pa lapòs	(800) 870-3676
Pou enskri pou sèvis selektif yo, kontakte: Sèvis Selektif (Sèvis Selektif se yon egzijans pou Natiralizasyon)	(888) 655-1825 www.sss.gov

KI DWA AK RESPONSABLITE YON MOUN KI FÈK VIN SITWAYEN AMERIKEN?

- Vote nan eleksyon: sitwayen yo gen dwa pou vote pou ofisyèl ki pase nan eleksyon ki fòmè lwa ak politik gouvènman Etazini.
- Vwayaje san restriksyon: sitwayen yo ka kite Etazini epi yo ka viv nan yon lòt peyi pandan tout tan yo vle. Rezidan pèmanan legal k ap viv deyò Etazini pandan peryòd tan ki long ka riske pèdi sitiwayon legal yo.
- Petisyon pou plis manm fanmi: sitwayen yo kapab fè petisyon pou plis manm fanmi pou yo viv nan Etazini epi pou bay yo sipò pou yo vin rezidan pèmanan legal. Sitwayen yo kapab mennen madanm/mari yo, timoun minè yo ki pa marye, ak paran yo nan Etazini san yo pa tann lontan.
- Evite depòtasyon: yo pa kapab anpeche sitwayen yo antre nan Etazini epitou yo pa kapab depòte sitwayen yo nan Etazini. Sitwayen yo ka pèdi sitwayènte yo sèlman anba sikonstans ki limite anpil.
- Sèvi nan yon jiri: sitwayen yo gen responsablite pou sèvi kòm jire nan tribinal lè yo mande yo sa.
- Gen fonksyon piblik: Anjeneral, li obligatwa pou yon moun gen sitwayènte Etazini pou li gen fonksyon nan vil, fonksyon nan eta, oswa fonksyon federal nan eleksyon, epitou pou li jwenn djòb nan gouvènman federal ak gouvènman eta.

KI RISK KI GENYEN POU APLIKE POU SITWAYÈNTE ETAZINI?

Imigran ki gen dosye kriminèl tankou kondanasyon ta dwe kontakte yon avoka konpetan anvan yo aplike pou yo vin sitwayen Etazini. Moun ki gen sèten kalite dosye kriminèl kapab tonbe anba depòtasyon epitou yo ta ka atire atansyon USCIS lè yo aplike pou sitwayènte a.

KISA POU MWEN FÈ SI MWEN GEN YON KONDANASYON NAN DOSYE MWEN?

Yon moun ki aplike pou sitwayènte ka gen risk pou yo depòte li si li gen yon kondanasyon pou youn nan krim ki endike anba la yo:

- Krim ki gen pou wè ak moun ki pa gen moralite (CIMT). Kategori vyolasyon sa yo souvan difisil pou defini. Kèk egzanzp ladan yo, men pa sèlman sa, se krim ki egzije yon entansyon pou vòlè oswa pou twonpe moun (sètadi, vòl, ti vòl, oswa vòl avèk zam alamen), sèten zak atak, ak pifò zak seksyèl.

- Zam-pou-tire oswa zak avèk dispozitif ki fè anpil destwiksyon.
- Vyolasyon ki gen pou wè ak dwòg, sof yon vyolasyon pou posesyon 30 gram mariwana oswa mwens.
- Krim nan kay ak krim kont timoun, tankou vyolans nan kay, asèlman, abi sou timoun, neglijan sou timoun, oswa abandon ak sèten vyolasyon lòd pwoteksyon (nan tribinal sivil oswa kriminèl) pou kondanasyon, oswa vyolasyon lòd pwoteksyon nan dat 1ye oktòb 1996 oswa apre dat sa a.
- Krim ki grav tankou trafik dwòg (ki ka gen ladan anpil vyolasyon posesyon dwòg), sèten krim vyolan ak vòl oswa zak vòl avèk zam alamen ki gen yon santans 1 ane anprizònman lajistis enpoze oswa sispann, sèten zak fwod avèk dokiman, sèten krim fwod, desepsyon oswa evazyon fiskal kote moun ki viktim nan pèdi plis pase \$10,000 dola, sèten vyolasyon ki gen pou wè ak biznis pwostitisyon, sèten vyolasyon "kontrebann etranje" ak ansasinay, kadejak, oswa abi seksyèl sou yon timoun minè.
Sèten lòt vyolasyon, tankou vyolasyon ki gen pou wè ak sekirite nasyonal ak imigrasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsekans dosye kriminèl nan afè imigrasyon, kontakte:

<p>New York State Defenders Association (NYSDA) Immigrant Defense Project</p>	<p>(212) 725-6422 oswa ale sou sitwèb yo nan: www.immigrantdefenseproject.org <i>(Immigrant Defense Project bay fòmasyon tou sou afè kriminèl/ imigrasyon ak lòt afè ki gen pou wè ak lòt ranfòsman imigrasyon. Ou ka kontakte yo pou mande fòmasyon an pou yon òganizasyon oswa yon gwoup.)</i></p>
<p>CUNY Citizenship Now!</p>	<p>(646) 344-7245</p>

Rezidan Pèmanan Legal

KIJAN YON MOUN KAPAB JWENN REZIDANS PÈMANAN LEGAL?

Fason sa yo se kèk fason ki komen pou jwenn rezidans pèmanan legal ki rele "grinkat" tou.

- Yon moun ka jwenn sipò sèten manm fanmi pwòch ki se sitwayen Etazini oswa rezidan pèmanan legal.
- Yon patwon ka fè petisyon pou yon moun pou yon viza sou baz travay.
- Yon moun ka aplike pou yon viza nan Lotri Viza Divèsite (v) nan Depatman-Deta Etazini yo ofri pou sitwayen lòt peyi.

Imigran yo kapab jwenn sityasyon legal tou dapre kèk rezon imanité tankou si yo viktim nan yon krim oswa nan vyolans nan kay nan Etazini oswa si yo nan yon peyi ki danjere oswa kote yon moun anba pèsikisyon.

Sèten moun ki se viktim nan krim, ki souffri abi nan krim yo, epi ki vle ede ofisyèl gouvènman an nan mennen ankèt sou krim nan ka kalifye pou yon viza U. Sèten moun ki anba pèsikisyon nan peyi natifnatal yo ka kalifye pou azil politik.

Yon moun ki pa gen dokiman imigrasyon epi k ap viv nan Etazini gen mwens chans pou li kapab jwenn yon sityasyon legal. Imigran ki pa gen papyè imigrasyon yo tad we pran anpil prekosyon avèk moun ki pwomèt yo pou ede yo jwenn rezidans legal epi ki fè yo peye lajan pou aplikasyon imigrasyon yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou rezidans pèmanan legal, rele Lij Dirèk Biwo New York pou Nouvo Ameriken yo (New York Office of New Americans Hotline) nan (212) 419-3737 oswa (800) 566-7636.

Si ou aplike deja pou rezidans pèmanan legal epi si ou jwenn yon reta nan aplikasyon ou, ou ka rele biwo Reprèzantan Etazini ou, Senatè Etazini oswa Biwo Afè Imigran Majistra Vil New York (New York City Mayor's Office of Immigrant Affairs) pou jwenn èd pou tcheke sityasyon aplikasyon ou. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte biwo sa yo depi ou rele 311.

Aksyon pou Sispann Depòtasyon

AKSYON DIFERE POU TIMOUN KI RIVE NAN PEYI A [DEFERRED ACTION FOR CHILDHOOD ARRIVALS (DACA)]

Nan ane 2012, Prezidan Obama te anonse yon aksyon egzekitif pou pwolonje desizyon pou pouswiv pou fasilite sèten moun ki te vini nan Etazini lè yo te timoun rete nan Etazini pou yon ti tan. Aksyon sa a, ki rele Aksyon Difere pou Timoun ki Rive nan Peyi a [Deferred Action for Childhood Arrivals (DACA)], prevwa aksyon pou sispann depòtasyon kont yon moun pou yon peryòd tan. Yo aksepte aplikasyon pou DACA.

KIJAN DACA FONKSYONE?

- Fasilite yon moun ki kalifye pou rete nan Etazini pou twazan, avèk posiblite pou renouvèlman.
- Bay otorizasyon pou travay nan Etazini.
- Bay mwayen pou aplike pou yon lisans chofè.
- Bay mwayen pou aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal.

KI KALIFIKASYON KI GENYEN POU DACA?

- Nenpòt moun ki antre nan Etazini anvan li gen laj 16 zan.
- Yo te toujou ap viv nan Etazini depi 1ye janvye 2010.
- Yo pa t janm gen yon dosye imigrasyon legal nan dat 15 jwenn 2012 oswa anvan dat sa a oswa nenpòt dosye imigrasyon legal oswa libète sou kondisyon yo te jwenn nan te ekspire anvan 15 jwen 2012.
- Yo ale lekòl nan moman an, yo diplome oswa yo resevwa sètifika finisman yo nan lekòl segondè, yo resevwa yon GED oswa yo te jwenn dechaj onorab nan Gad-Kòt oswa nan Fòs Lame Etazini.
- Lajistis pa t kondane yo pou yon krim, yon deli grav, oswa twa (3) oswa plis oswa plis deli.
- Yo te la nan Etazini nan dat 15 jwen 2012.

KIJAN POU YON MOUN APLIKE POU DACA?

Pou jwenn yon aplikasyon DACA oswa yon aplikasyon pou renouvèlman, ale sou sitwèb sa a: <http://www.uscis.gov/humanitarian/consideration-deferred-action-childhood-arrivals-daca>

Pou aplike pou DACA, ou dwe:

- Jwenn dokiman yo kòm prèv ki montre ou satisfè egzijans pou rezidans, egzijans pou dosye kriminèl, ak egzijans pou edikasyon jan sa endike anwo a.
- Ranpli aplikasyon I-821D ak dokiman I-765 ak I-765WS.
- Voye dokiman aplikasyon an ak dokiman ki nesèsè yo pa lapòs ba USCIS ansanm avèk frè aplikasyon an ki se \$465 dola.
- Ale nan yon randevou pou fè byometrik avèk USCIS.

AKSYON DIFERE POU IMIGRAN KI PA GEN PAPYE IMIGRASYON

Nan mwa novanm 2014, Prezidan Obama te anonse li ta fè yon aksyon egzekitif pou ofri soulajman pou anpil lòt imigran ki pa gen papyè imigrasyon k ap viv nan Etazini. **Men, apati mwa mas 2015, USCIS pòk aksepte aplikasyon pou aksyon difere agrandi.** Tanpri kontakte USCIS pou konnen si yo aksepte aplikasyon pou aksyon difere agrandi. Ou ka rele USCIS nan nimewo 1-800-375-5283 oswa ale sou sitwèb yo nan www.uscis.gov/immigrationaction. Pran prekosyon ou avèk nenpòt moun ki ka ofri pou ede ou aplike pou avantaj sa yo anvan yo disponib.

Aksyon Difere pou Responsablite Paran yo [Deferred Action for Parental Accountability (DAPA)]

Avèk DAPA, paran sitwayen ameriken oswa paran rezidan pèmanan legal ki te prezan nan peyi a depi 1ye janvyè 2010 ap ka kalifye pou aksyon difere a.

Tanpri kontakte USCIS pou konnen si yo aksepte aplikasyon pou DAPA. Ou ka rele USCIS nan nimewo 1-800-375-5283 oswa ale sou sitwèb yo nan www.uscis.gov/immigrationaction.

Pou kalifye pou DAPA w ap bezwen satisfè kritè ki endike anba la yo:

- Kontinye ap viv nan Etazini depi 1ye janvyè 2010.
- Se paran yon Sitwayen Etazini oswa yon rezidan pèmanan legal ki te fèt nan dat 20 novanm 2014 oswa anvan dat sa a.
- Pa yon menas pou sekirite piblik oswa sekirite nasyonal.

Si lapolis te arete ou oswa si ou te gen pwoblèm avèk lapolis, sonje pou pale sou sa avèk yon avoka ou fè konfyans anvan ou aplike.

Anilasyon Pwovizwa Prezans Ilegal

Kòm yon rezilta Aksyon Egzekitif Prezidan Obama, kèk imigran ki pa gen papyè imigrasyon ki pa pwoteje nan DACA oswa DAPA ka toujou kalifye pou anilasyon prezans ilegal nan Etazini. Tanpri kontakte USCIS pou konnen si yo aksepte aplikasyon pou anilasyon sa yo. Ou ka rele USCIS nan nimewo 1-800-375-5283 oswa ale sou sitwèb yo nan www.uscis.gov/immigrationaction.

Pou kalifye pou anilasyon pwovizwa prezans ilegal, imigran ki pa gen papyè imigrasyon yo ap bezwen satisfè kritè ki endike anba la yo:

- T ap viv ilegalman nan Etazini pandan omwen 180 jou epi ki se:
 - Pitit gason oswa pitit fi sitwayen ameriken epi; epi
 - Madanm/mari ak pitit gason oswa piti fi rezidan pèmanan legal.

Si lapolis te arete ou oswa si ou te gen pwoblèm avèk lapolis, sonje pou pale sou sa avèk yon avoka ou fè konfyans anvan ou aplike.

Fason pou Prepare

Ou kapab kòmanse prepare pou yon aplikasyon pou aksyon difere kounye a depi ou fè bagay ki endike anba la yo:

- Kòmanse rasanble dokiman ki pwouve idantite ou ak kantite tan ou t ap viv nan Etazini. Kèk nan dokiman sa yo se kapab paspò, batistè, idantifikasyon konsila, dosye travay, dosye taks, dosye lekòl ak lòt dokiman.
- Prepare pou pee frè a ba USCIS k ap obligatwa avèk aplikasyon aksyon difere a.
- Gen kèk bon òganizasyon ki pa fè pwofi ki kapab ba ou èd nan aplikasyon an gratis.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou aksyon difere, rele USCIS nan nimewo 1-800-375-5283 oswa Liy Dirèk Biwo New York pou Nouvo Ameriken yo nan (212) 419-3737 oswa (800) 566-7636

IMIGRAN MINÈ KI PA AKONPAYE

Nan ka lè se timoun imigran yo, ki pa gen yon paran oswa responsab legal, yo mete nan pwosedi pou retire nan peyi a oswa pou depòte, lwa federal egzije pou bay timoun sa yo manje, kote pou yo rete, epitou pou bay yo swen ki nesèsè pandan y ap tann pwosedi imigrasyon yo.

KI SÈVIS YO BAY POU TIMOUN MINÈ KI PA AKONPAYE YO?

Biwo Entegrasyon Refijye [Office of Refugee Resettlement (ORR)] Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Service (HHS)] Etazini mete timoun imigran ki pa akonpaye yo nan gadavi sipòtè k ap pran swen yo epi k ap defann enterè yo. Pandan timoun ki pa akonpaye yo anba titèl sipòtè yo epitou pandan y ap tann finalizasyon dosye imigrasyon yo, yo kalifye pou resevwa anpil sèvis tankou:

- Swen sante
- Èd nan sèvis sosyal
- Aksè ak sipò nan edikasyon

Anplis sèvis sa yo, anpil ajans vil, ajans leta ak ajans ki pa la pou fè pwofi nan Vil New York bay èd nan sèvis legal ak sosyal dirèk pou timoun ki pa akonpaye yo.

Pou konnen si gen èd ak sèvis pou timoun minè ki pa akonpaye, tanpri kontakte Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition) nan nimewo (212) 627-2227. Ou ka kontakte Biwo Afè Imigran Majistra a tou nan 311 pou jwenn èd.

Vòt ak Patisipasyon Sivik

KIMOUN KI KAPAB ENSKRI POU VOTE?

Ou dwe enskri pou vote anvan ou kapab vote nan yon eleksyon. Pou enskri pou vote, ou dwe:

- Se yon sitwayen ameriken
- Gen omwen laj 18 tan anvan eleksyon an
- Ap viv nan Vil New York pandan omwen 30 jou
- Pa nan prizon oswa pa nan libète sou kondisyon pou yon kondanasyon pou krim
- Yon tribinal pa detèmine ou gen enkonpetans mantal
- Pa reklame dwa pou vote deyò Vil New York

Si ou se yon elektè ki enskri epi si adrès ou chanje, lwa Eta New York egzije ou pou fè Komisyon Eleksyon an konnen sa nan 25 jou apre adrès la chanje.

KIJAN POU OU ENSKRI POU VOTE?

Ou dwe ranpli epi soumèt yon fòm enskripsyon elektè pou enskri pou vote. Fòm sa a disponib nan Lang Anglè, Panyòl, Chinwa ak Koreyen. Ou kapab soumèt yon fòm enskripsyon ou ranpli anpèsòn oswa pa lapòs.

Pou jwenn yon fòm enskripsyon, ou ka telechaje yon fòm sou sitwèb

<http://vote.nyc.ny.us/html/voters/voters.shtml>, rele nimewo (866) 868-3692 oswa ale nan yon Biwo Komisyon Eleksyon Vil New York:

Biwo Prensipal	32 Broadway, 7 th Floor New York, NY 10004 (212) 487-5300
Manhattan	200 Varick Street, 10 th Floor New York, NY 10014 (212) 886-2100
Bronx	1780 Grand Concourse, 5 th Floor Bronx, NY 10457 (718) 299-9017
Brooklyn	345 Adams Street, 4 th Floor Brooklyn, NY 11201 (718) 797-8800
Queens	126-06 Queens Boulevard Kew Gardens, NY 11415 (718) 730-6730
Staten Island	1 Edgewater Plaza, 4 th Floor Staten Island, NY 10305 (718) 876-0079

Ou dwe remèt fòm nan men-nan-men oswa ou dwe tenbre li omwen 25 jou anvan eleksyon an.

Si ou pa kapab li, ou kapab toujou enskri depi ou fè yon moun ede ou ranpli fòm nan. Si ou pa kapab siyen non ou, make yon "X" nan kaz siyati an epi fè yon temwen siyen kaz deklarasyon sou sèman an.

Aprè ou ranpli fòm enskripsyon elektè a, ou ka: voye li pa lapòs oswa ou ka remèt li men-nan-men nan biwo prensipal Komisyon Eleksyon an nan 32 Broadway, 7th Floor, New York, NY 10004. Oswa remèt li men-nan-men nan biwo Komisyon Eleksyon an nan minisipalite kote w ap viv.

KI KOTE W AP VOTE?

Aprè ou enskri pou vote, Komisyon Eleksyon an ap voye yon avi ba ou pou fè ou konnen kote ou ta dwe vote. Ou ka rele (212) VOTE-NYC (212-868-3692) tou pou mande kote ou ta dwe vote. Biwo vòt yo louvri ant 6:00 AM ak 9:00 PM nan Jou Eleksyon an.

KIJAN POU OU VOTE AVÈK VÒT-PA-KORESPONDANS?

Si ou pa kapab ale nan biwo vòt la nan Jou Eleksyon an akòz okipasyon ou, biznis ou, etid ou, vwayaj ou, paske ou nan prizon (ki pa yon kriminèl kondane), maladi, andikap, ospitalizasyon, oswa rezidans nan yon sant sante pou anpil tan, ou ka vote nan vòt-pa-korespondans.

Pou vote nan vòt-pa-korespondans, ou ka:

- Vote anpèsòn: ale nan Biwo Minisipalite Komisyon Eleksyon an apati 32 jou anvan yon eleksyon an pou fini nan Jou Eleksyon an. Ou kapab vote ant 9:00 AM ak 5:00 PM epi nan Jou Eleksyon an jiska 9:00 PM lendi jiska vandredi, epi nan jou wikenn anvan Jou Eleksyon an.
- Vote pa lapòs: mande epi soumèt yon aplikasyon nan vòt-pa-korespondans. Aplikasyon sa a disponib nan Lang Anglè, Panyòl, Chinwa ak Koreyen. Aprè ou soumèt aplikasyon sa a, w ap resevwa yon vòt-pa-korespondans ou kapab itilize pou vote.

Pou mande yon aplikasyon pou vòt-pa-korespondans: Rele nimewo (212) VOTE-NYC (868-3692) pou mande pou yo voye yon aplikasyon pa lapòs pou ou. Telechaje aplikasyon sou sitwèb: <http://www.vote.nyc.ny.us/html/voters/absentee.shtml> oswa ale nan biwo Komisyon Eleksyon nan minisipalite kote w ap viv la.

- Ou dwe itilize sèlman yon plim ble oswa nwa pou ranpli aplikasyon pou vòt-pa-korespondans lan.
- Ou pa kapab fakse aplikasyon an. Ou dwe sèlman voye li pa lapòs oswa ou dwe remèt li men-nan-men.

Aprè ou ranpli aplikasyon vòt-pa-korespondans lan, ou dwe swa remèt li ba Komisyon Eleksyon yo nan fèmti nan Jou Eleksyon an oswa voye li pa lapòs ba Komisyon Eleksyon an ki date nan jou anvan Jou Eleksyon an. Komisyon Eleksyon an dwe resevwa li a anvan 7 jou apre eleksyon an.

Si ou gen yon maladi pèmanan oswa si ou andikape epi ou pa kapab ale nan biwo vòt la pou vote, ou kapab mande pou yo voye yon vòt-pa-korespondans ba ou pa lapòs otomatikman pou chak eleksyon.

KIJAN POU OU VOTE AVÈK VÒT-PA-KORESPONDANS POU IJANS?

Si dat limit lan pase pou mande yon vòt-pa-korespondans pa lapòs epi si ou pa kapab ale nan biwo vòt la nan Jou Eleksyon an akòz yon aksidan oswa yon maladi toudenkou, lè sa a ou ka voye yon reprezantan avèk yon lèt otorize pou resevwa yon Aplikasyon Vòt-pa-Korespondans epi retounen toulède nan Biwo Minisipalite Komisyon Eleksyon an anvan 9:00 PM nan Jou Eleksyon an.

KI DWA MWEN GENYEN KÒM YON ELEKTÈ?

- Tout elektè ki enskri gen dwa pou mande ak resevwa tradiksyon oswa entèpretasyon nan lang Panyòl, Chinwa, Koreyen, Hindi, oswa Bangalè nan sèten biwo vòt ki nan Bronx, Brooklyn ak Queens. Kèk nan materyèl ki ka disponib nan lang Panyòl, Chinwa, Hindi, Bangalè oswa Koreyen se vòt, fòm enskripsyon elektè, eksplikasyon pou vote, ak lèt materyèl pou vote. Answit, kèk biwo vòt ka gen travayè ki la nan biwo a ki pale lang Ris, Kreyòl Ayisyen, Bangalè oswa Oudou epi yo kapab ede tradui oswa entèprete enfòmasyon yo.
- Elektè ki andikape yo gen dwa pou sèten aranjman pou ede yo vote.
- Ou ka mande enstriksyon sou fason pou itilize machin pou vote.
- Ou ka vini avèk nenpòt moun sof patwon ou oswa reprezantan sendika ou nan izolwa a pou ede ou vote.
- Si ou enskri men non ou pa parèt sou lis enskripsyon elektè yo oswa siyati ou pa la, ou kapab toujou vote avèk vòt sou deklarasyon sou sèman nan biwo vòt la.

Pou jwenn enfòmasyon sou biwo vòt ou oswa si ou gen nenpòt pwoblèm pou vote nan Jou Eleksyon an tankou si yo ba ou refi pou yon bilten papye oswa si yo anpeche ou vote nan yon fason, ou kapab rele NYPIRG nan nimewo (212) 349-6460 oswa kontakte Komisyon Eleksyon nan nimewo (212) 487-5400.

ÈSKE MWEN BEZWEN MONTRE IDANTIFIKASYON MWEN LÈ M AP VOTE?

Sèten nouvo elektè ka gen obligasyon pou montre idantifikasyon yo lè yo rive nan biwo vòt yo. Idantifikasyon an ap obligatwa pou moun k ap vote pou premye fwa nan yon eleksyon federal nan New York ki te enskri pa lapòs nan dat 1ye janvye 2003 oswa apre dat sa a, men ki pa t bay ID yo avèk aplikasyon enskripsyon yo. Fòm idantifikasyon ki endike anba la a akseptab pou elektè yo prezante nan biwo vòt la:

- Yon lisans chofè oswa kat ID Depatman Veyikil-a-Motè ki gen foto oswa lòt idantifikasyon ki ajou epi ki gen foto valab
- Yon kopi dènve bòdwo sèvis piblik, etadkont labank, chèk gouvènman, chèk peman, oswa lòt dokiman gouvènman ki montre non ak adrès elektè a.

Si yon elektè pa gen idantifikasyon ki obligatwa a, li kapab toujou vote avèk yon bilten sou papye (deklarasyon sou sèman) nan biwo vòt li.

KISA MWEN DWE KONNEN OSIJÈ ELEKSYON YO?

Anjeneral, gen de (2) kalite eleksyon diferan: Eleksyon Primè ak Eleksyon Jeneral. Nan New York, Eleksyon Primè yo fèt anvan Eleksyon Jeneral yo.

Yon Eleksyon Primè se yon eleksyon kote elektè ki te enskri nan yon pati politik patikilye chwazi kandida pati a pou Eleksyon Jeneral. Anjeneral, eleksyon sa a fèt nan mwa jwen pou kandida federal yo epi nan mwa septanm pou kandida Eta yo. Se sèlman elektè ki enskri nan pati politik la ki kapab vote nan Eleksyon Primè pati a.

Eleksyon Jeneral la fèt nan mwa novanm avèk rezilta k ap deside kimoun k ap gen fonksyon yo apre yo pase nan eleksyon tankou Prezidan, Gouvènè, Manm Kongrè, Majistra, Manm Konsèy Minisipalite, ak lòt fonksyon pou genyen nan eleksyon. Nenpòt elektè ki anrejistre kapab vote nan Eleksyon Jeneral la. Kandida ki nan anpil pati politik yo prezante kòm kandida nan Eleksyon Jeneral yo.

KIJAN MWEN KAPAB PATISIPE NAN KOMINOTE MWEN OSWA NAN GOUVÈNMAN AN?

- Antre nan yon gwoup kominotè, tankou yon asosyasyon katye, yon asosyasyon sivik oswa yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi.
- Patisipe oswa chèche jwenn nominasyon nan konsèy kominote lokal ou, oswa temwaye devan konsèy la pou fè tandè enkyetid ou sou pwoblèm kominote a. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade anba la a.
- Vin yon manm komisyon komisarya lapolis lokal ou pou fè yo konnen enkyetid ou avèk lapolis nan katye ou.
- Patisipe oswa chèche jwenn deziyasyon nan Komisyon Konsiltatif Katye ou pou Depatman Devlopman Jèn ak Kominote (Department of Youth and Community Development) pou fè ofisyèl Vil la konnen ki bezwen ak pwogram ki pi enpòtan pou kominote ou.
- Sèvi kòm volontè pou yon kanpay politik, patisipe nan yon manifestasyon, oswa ekri oswa rele ofisyèl ki pase nan eleksyon yo.
- Toujou chèche enfòmasyon: pale avèk zanmi ak vwazen ou y, li jounal, epi aprann pwoblèm ki pi enpòtan pou kominote ou, vil ou, eta ou, ak nasyon ou.
- Fè atansyon nan sa ofisyèl ki pase nan eleksyon yo ap fè apre yo pran fonksyon elektif yo; asire yo fè sa yo te pwomèt nan kanpay yo. Fè konnen pwendvi ou ba reprezantan epi mande yo èd.

KISA KOMISYON KOMINOTÈ YO YE EPI KIJAN MWEN KAPAB PATISIPE LADAN YO?

Komisyon Kominotè yo se gwoup reprezantan lokal ki konpoze avèk 50 manm ki pa touche lajan. Se Prezidan Minisipalite a ki deziyen yo, epi Manm Konsèy Minisipal Vil la lonmen mwaye nan manm ki reprezante distri kominote a. Gen 59 Komisyon Kominotè nan Vil la. Manm Komisyon Kominotè a dwe ap viv, travay, oswa gen kèk lòt enterè enpòtan nan distri kominote yo reprezante a.

Komisyon Kominotè yo rankontre yon fwa chak mwa. Reyinyon Komisyon yo lib pou piblik la, epi yon pòsyon nan chak reyinyon rezève pou Komisyon an tandè manm piblik la. Answit, Komisyon yo fè odyans piblik souvan, sou bidjè Vil la, afè itilizasyon teren, ak lòt gwo pwoblèm pou bay manm kominote yo posiblite pou fè konnen pwendvi yo.

Yo konsilte Komisyon Kominotè yo sou plasman pifò sant minisipal ki nan kominote a ak sou lòt afè itilizasyon teren. Yo ka fè plan pa yo tou pou kwasans ak enterè kominote yo. Epitou, nenpòt aplikasyon pou yon chanjman nan rezolisyon zonaj Vil New York dwe vini devan Komisyon an pou revizyon, epi yo konsidere pozisyon Komisyon an nan detèminasyon final aplikasyon sa yo.

Komisyon Kominotè yo evalye bezwen katye yo, fè rekòmandasyon nan pwosesis bidjè Vil la pou rezoud yo, epi rankontre avèk ajans Vil la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou patisipe nan yon Komisyon Kominotè ki nan minisipalite ou, oswa pou jwenn deziyasyon ou ladan, tanpri kontakte biwo prezidan minisipalite ki endike anba la a.

Kontakte biwo Prezidan Minisipalite ou	
Bronx Ruben Diaz Jr. Prezidan Minisipalite:	851 Grand Concourse, 3rd Floor Bronx, N.Y. 10451 (718) 590-3500 http://bronxboropres.nyc.gov/
Brooklyn Eric L. Adams Prezidan Minisipalite:	209 Joralemon Street Brooklyn, N.Y. 11201 (718) 802-3700 http://www.brooklyn-usa.org/
Manhattan Gale A. Brewer Prezidan Minisipalite:	1 Centre Street, 19th Floor New York, N.Y. 10007 (212) 669-8300 http://manhattanbp.nyc.gov/html/home/home.shtml
Queens Melinda Katz Prezidan Minisipalite:	120-55 Queens Blvd. Kew Gardens, N.Y. 11424 (718) 286-3000 http://queensbp.org/
Staten Island James S. Oddo Prezidan Minisipalite:	10 Richmond Terrace, Room 120 Staten Island, N.Y. 10301 (718) 816-2000 http://www.statenislandusa.com/

Konsomatè ak Dwa Finansye

ÈSKE YON MOUN BEZWEN YON NIMEWO SEKIRITE SOSYAL POU LOUVRI YON KONT LABANK?

Anpil bank aksepte diferan kalite idantifikasyon tankou yon ITIN, nimewo ki nan yon pyès idantifikasyon gouvènman Etazini oswa gouvènman peyi etranje bay ki gen yon foto oswa lòt pwoteksyon (tankou yon paspò oswa idantifikasyon konsila). Yon kat idantifikasyon konsila se yon zouti itil pou imigran yo nan sistèm labank lan paske li gen ladan yon foto, adrès lokal, kote moun nan fèt, ak yon sèl nimewo idantifikasyon, men li pa divilge dosye imigrasyon moun nan. Kèk bank ki nan New York aksepte kat idantifikasyon konsila.

ÈSKE IMIGRAN KI PA GEN PAPYE IMIGRASYON KAPAB JWENN LAJAN PRETE AK UTILIZE KREDI?

Wi. Anpil bank, koperativ, ak lòt enstitisyon ki prete lajan aksepte yon Nimewo Idantifikasyon Taks Endividyèl [Individual Tax Identification Number (ITIN)] pou bay kat kredi epi pou prete lajan pou moun apa, pou biznis, epitou pou fè prè ipotekè. Answit, bank yo, koperativ yo ak enstitisyon prè yo rapòte prè a ak enfòmasyon sou ranbousman moun ki prete lajan an ba ajans rapòtaj kredi yo.

Li enpòtan pou devlope yon istwa kredi ki pozitif pou anpil rezon. Li ede yon moun kalifye pou prete lajan avèk pi piti to enterè ak frè. Epitou, patwon yo, mèt kay yo, konpayi asirans y, ak lòt enstitisyon yo konsidere istwa kredi yo lè y ap pran desizyon pou bay yon moun yon djòb, yon apatman oswa lòt avantaj finansye.

Li enpòtan pou devlope yon bon istwa kredi. Yon moun ki prete lajan oswa ki itilize kat kredi dwe asire li ranbouse lajan li prete yo epitou li dwe asire li tcheke rapò kredi li. Li enpòtan tou pou tcheke erè ki ka parèt nan rapò kredi a pou asire yon rapò kredi egzat.

KISA SANT POU ENDEPANDANS FINANSYE YO YE?

Nan ane 2008, gouvènman Vil New York te louvri premye Sant Endepandans Finansye li pou ede sitwayen ki pa touche ase revni yo vin gen establiite finansye. Jodi a, gen Sant pou Endepandans Finansye tout kote nan senk (5) minisipalite Vil New York. Sant sa yo louvri pou moun k ap viv nan Vil New York epi yo bay sèvis ki endike anba la yo:

- Jesyon lajan ak preparasyon bidjè
- Planifikasyon finansye
- Konsèy sou kredi ak dèt
- Sipò pou negosye avèk kreyansye yo
- Sèvis labank ki pa chè
- Evalyasyon pou jwenn avantaj gouvènman
- Referans nan lòt sèvis ak òganizasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon sou èd pou endepandans finansye, kontakte Biwo Depatman Afè Konsomatè (the Department of Consumer Affairs Office of Financial Empowerment) nan 311 oswa sou sitwèb <http://www.nyc.gov/html/ofe/html/home/home.shtml>.

Fwod Konsiltan Imigrasyon

Imigran yo kapab viktim fwod epi mete tèt yo andanje akòz konsiltan malonèt nan afè imigrasyon. Nenpòt moun k ap chèche jwenn sèvis imigrasyon ta dwe chwazi yon konsiltan imigrasyon oswa yon avoka avèk anpil prekosyon pou yo jwenn èd. Kèk konsiltan imigrasyon ap bay fo garanti pou yon sèten rezilta pou kliyan yo, y ap fè reklam pou twonpe moun oswa y ap reklame frè ki egzajere pou sèvis yo. Imigran yo ta dwe pran anpil prekosyon avèk pratik sa yo epitou yo ta dwe chèche konsiltan yo chwazi ki pou travay avèk yo.

Lwa lokal pwoteje imigran yo kont fwod lè li egzijè nenpòt moun oswa biznis ki ofri sèvis èd nan zafè imigrasyon (ki pa avoka, òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, ak ajans gouvènman) nan Vil New York pou fè sa ki endike anba la a:

- Bay yon kontra alekri ki endike tout sèvis, frè ak pri pou yo fè kliyan an peye. Kontra a dwe alekri nan Lang Anglè ak nan lang kliyan an konprann.
- Pèmèt kliyan an anile kontra a nan twa (3) jou epi resevwa tout lajan li te peye a.
- Bay endikasyon nan reklam ak ansèy pou montre founisè sèvis la pa yon avoka oswa pa gen akreditasyon Komisyon Kontestasyon Imigrasyon epitou pou montre founisè sèvis la pa kapab bay konsèy legal. Ansèy yo dwe afiche kote pou tout moun wè yo nan tout lang yo bay sèvis yo.
- Konsève kopi tout dosye ak dokiman ou prepare oswa ou jwenn pou kliyan an pou twazan.
- Toujou gen yon asirans kosyon \$50,000 dola.

Anplis, founisè sèvis imigrasyon pa kapab:

- Reklame frè pou yo bay oswa pou yo ranpli fòm gouvènman.
- Reklame frè pou sèvis yo pa fè.
- Pa bay kopi dokiman kliyan yo te ranpli oswa pa retounen dokiman orijinal yo ba kliyan an.
- Itilize tit avoka nan Lang Anglè oswa nan nenpòt lòt lang oswa reprezante nenpòt lòt akreditasyon ki kapab lakòz yon kliyan kwè moun nan gen ladrès pwofesyonèl espesyal oswa gen otorizasyon pou bay konsèy sou yon afè imigrasyon.
- Fè reklam pou sèvis legal oswa bay konsèy legal.
- Fè konnen yo gen enfliyans espesyal avèk ofisyèl gouvènman oswa ajans gouvènman oswa bay garanti oswa pwomès sof si gen yon baz pou pwomès la epitou si pwomès la oswa garanti a alekri.
- Bay nenpòt enfòmasyon pou otorite imigrasyon oswa lòt otorite oswa ranpli nenpòt oswa dokiman avèk otorite yo san konesans oswa konsantman kliyan an.

Pou fè yon plent sou fwod konsiltan imigrasyon, kontakte:

Depatman Afè Konsomatè [Department of Consumer Affairs (DCA)] Vil New York	311
Pwokirè Jeneral Eta New York	(800) 771-7755
Pwogram Afè Imigran (Immigrant Affairs Program) Pwokirè Distri Brooklyn	(718) 250-3333

Pwogram Afè Imigran (Immigrant Affairs Program) Pwokirè Distri Manhattan	(212) 335-3600
Pwogram Afè Imigran (Immigrant Affairs Program) Pwokirè Distri Queens	(718) 286-6690
Liy Dirèk Biwo Nouvo Ameriken	(212) 419-3737 oswa (800) 566-7636

LWA SOU RANFÒSMAN SÈVIS ÈD POU IMIGRAN

Nan ane 2014, otorite yo se siyen Lwa sou Ranfòsman Sèvis Èd pou Imigran (Immigrant Assistance Service Enforcement Act) an lwa Eta, pou bay pwoteksyon legal ki tounèf ak pi fò pou moun k ap chèche sèvis èd imigrasyon nan Eta New York.

Lwa sou Ranfòsman Sèvis Èd pou Imigran fè sa ki endike anba la yo:

- Endike aklè se sèlman avoka ak moun oswa òganizasyon ki gen akreditasyon Komisyon Kontestasyon Imigrasyon [Board of Immigration Appeals (BIA)] ki kapab bay sèvis legal pou imigran yo.
- Ranfòse egzijans pou tradiksyon pou sèvis èd nan imigrasyon.
- Krete lòt egzijans pou ansèy ak kontra founisè sèvis èd nan imigrasyon dwe itilize.
- Krete sanksyon kriminel epi ogmante sanksyon sivil pou moun ki fè mètdam avèk imigran yo.
- Krete Biwo Nouvo Ameriken Eta New York (New York State Office of New Americans) kòm yon ajans egzekitif ofisyèl pou ede imigran yo jwenn sèvis legal, ESOL, ak klas sivism, fòmasyon pou jwenn travay ak lòt èd.

Si ou gen kesyon sou Lwa sou Ranfòsman Sèvis Èd pou Imigran ak sou sèvis ak pwoteksyon imigran, tanpri rele Liy Dirèk Biwo Nouvo Ameriken nan nimewo 1 (800)-566-7636.

PWOGRAM AFÈ IMIGRAN BIWO PWOKIRÈ DISTRI MANHATTAN

Biwo Pwokirè Distri Manhattan gen yon Pwogram Afè Imigran ki konsantre sou pouswiv nan lajistis moun ki fè krim kont imigran yo. Imigran k ap chèche jwenn rezidans legal, vin sitwayen ameriken, lojman, ak travay kapab viktim nan fwod. Pwogram Afè Imigran yo ede viktim ak temwen imigran ki gen papye imigrasyon ak sa ki pa genyen, tankou sa ki ka pè pou kolabore avèk lapolis akòz dosye imigrasyon yo. Kèlkeswa dosye imigrasyon yon moun ki viktim oswa yon temwen nan yon fwod, mètdam oswa lòt krim ki gen pou wè ak imigrasyon, li kapab rapòte vyolasyon an ba Pwogram Afè Imigran. Moun ki viktim nan fwod kapab touche lajan yo dwe yo. Se règleman Biwo Pwokirè Distri Manhattan pou pa rapòte dosye imigrasyon viktim yo oswa temwen yo ba ofisyèl imigrasyon yo.

Pou rapòte oswa pou bay enfòmasyon sou yon fwod oswa lòt krim ba Pwogram Afè Imigran nan Manhattan, rele nimewo: (212) 335-3600 (Gen entèprèt ki disponib nan anpil lang). Oswa ekri nou nan adrès: Immigrant Affairs Program, One Hogan Place, Room 753A New York, NY 10013

INITE FWOD KONT IMIGRAN BIWO PWOKIRÈ DISTRI BROOKLYN

Menm jan ak pwogram Afè Imigran ki nan biwo Pwokirè Distri Manhattan, Pwokirè Distri Brooklyn mete anplas yon pwogram pou konsantre sou bezwen kominote imigran yo epi pou bay pwoteksyon kont fwod yo fè kont imigran yo.

Pou rapòte oswa pou bay enfòmasyon sou yon fwod oswa lòt krim ba Pwogram Afè Imigran nan Brooklyn, rele nimewo: (718) 250-3333 (Gen entèprèt ki disponib nan anpil lang).

Voye yon imèl ba inite a nan: IIFU@BrooklynDA.org oswa voye yon lèt ba: Immigrant Fraud Unit, 350 Jay Street, 16th Floor, Brooklyn, NY 11201

INITE AFÈ IMIGRAN BIWO PWOKIRÈ DISTRI QUEENS

Nan ane 2015, Biwo Pwokirè Distri Queens te kreye yon Inite Afè Imigran pou pouswiv lajistis moun ki fè krim kont imigran yo kòm fwod ak vyolans.

Pou rapòte oswa pou bay enfòmasyon sou yon fwod oswa lòt krim ba Inite Afè Imigran nan Queens, rele nimewo: (718) 286-6690 (Gen entèprèt ki disponib nan anpil lang) oswa voye yon lèt ba: Immigrant Affairs Unit, 125-01 Queens Boulevard, Kew Gardens, NY 11415

MEN KÈK EGZANP FWOD OSWA MÈTDAM

- Moun oswa founisè sèvis imigrasyon ki reprezante tèt yo kòm avoka epi ki bay konsèy legal lè yo pa gen lisans avoka.
- Moun ki fè tèt yo pase pou ajan pou otorite imigrasyon federal epi ki ofri tretman oswa sèvis espesyal.
- Moun oswa biznis ki pwomèt imigran yo travay oswa viza pou travay yo pa kapab bay.
- Konpayi konstwiksyon ki anboche imigran pou travay sou pwojè gouvènman finanse men ki pa peye yo salè lalwa egzije.
- Moun ki fè fo opòtinite investisman oswa ki angaje nan sistèm mèt dam piramid.
- Moun ki pwodui oswa ki vann fo kat Sekirite Sosyal, fo lisans, fo paspò ak lòt fo dokiman.
- Moun oswa biznis ki ofri sèvis lojman ak lòt sèvis men ki senpleman pran lajan ou epi ki disparèt.

AVÈK KISA OU DWE PRAN PREKOSYON

- Founisè sèvis imigrasyon k ap fè ou konnen yo kapab fè ou jwenn yon afè espesyal avèk otorite imigrasyon yo.
- Fwod "Notario" fraud. Nan peyi sa a, yon "notario" se raman yon avoka
- Founisè sèvis ki p ap bay oswa ki p ap retounen dokiman orijinal oswa kopi fòm yo soumèt ba otorite imigrasyon oswa ba lòt ajans gouvènman.
- Founisè sèvis ki menase pou rapòte ou ba otorite imigrasyon.
- Founisè sèvis ki gen règleman peman avèk lajan kach sèlman. Asire ou resevwa yon resi alekri pou nenpòt kantite lajan ou peye.

Pou konfime si yon òganizasyon oswa yon reprezante jwenn rekonesans Komisyon Kontestasyon Imigrasyon [Board of Immigration Appeals (BIA)] epi si li kapab reprezante kliyan y nan tribinal federal imigrasyon, ale sou sitwèb: www.usdoj.gov/eoir epi klike sou "EOIR Legal orientation and Pro Bono Program" epi answit klike sou lyen pou ale nan "Recognition & Accreditation."

Pou konfime si yon moun se yon avoka ki gen lisans nan Eta New York, kontakte: Sistèm Tribinal Inifye Eta New York (New York State Unified Court System), Inite Anrejistreman Avoka (Attorney Registration Unit) nan nimewo (212) 428-2800 oswa sou sitwèb www.nycourts.gov.

Pou jwenn referans nan founisè sèvis legal ak sosyal, kontakte: Liy Dirèk Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo nan nimewo (800) 566-7636.

Ti Biznis yo

KI KOTE PWOPRIYETÈ TI BIZNIS YO AP JWENN ÈD?

Depatman Sèvis pou Ti Biznis yo [Department of Small Business Services (SBS)]

Depatman Sèvis pou Ti Biznis [Small Business Services (SBS)] Eta New York se yon ajans gouvènman Vil la ki ofri èd dirèk pou pwopriyetè biznis ak antreprenè k ap chèche kòmanse biznis pa yo. SBS ankouraje devlopman katye yo tou nan distri komèsyal yo epi li ankouraje opòtinite pami biznis minoritè yo, ak biznis fanm yo posede.

Sant Solisyon Biznis Vil New York (NYC Business Solution Centers) pote sèvis SBS pou chak minisipalite pou ede biznis yo opere ak agrandi nan Vil New York. Men kèk nan sèvis yo:

- Kou sou biznis ak edikasyon sou planifikasyon biznis
- Revizyon legal kontra yo ak kontra lwaye yo avèk avoka ki ofri sèvis gratis
- Ede yo konprann règleman gouvènman an ak fason pou satisfè egzijans yo
- Finansman èd ki idantifye enstitisyon ki prete moun lajan epitou ki ede prezante aplikasyon yo
- Anboche èd ki bay aksè nan yon gwoup kandida yo evalye davans pou djòb ki pare
- Sètifika Antrepriz Komèsyal Minoritè/Fanm Posede ki bay aksè nan kontra gouvènman
- Lajan pou fòmasyon ki amelyore ladrès anlwaye nivo antre epitou ki ogmante kalite operasyon biznis yo
- Prim ankourajman ki kapab ekonomize lajan lè biznis ou ap demenaje, agrandi oswa fè amelyorasyon enpòtan

Pou pran kontak oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Solisyon Biznis Vil New York, ou ka rele 311, ale sou sitwèb <http://www.nyc.gov/html/sbs/nycbiz/html/home/home.shtml> oswa ale nan youn nan biwo sa yo:

Bronx	400 East Fordham Road, 7 th Floor, Bronx, NY 10458 (718) 960-7910 <i>Lendi-Vandredi, 9:00AM-5:00PM</i>
Brooklyn	9 Bond Street, 5 th Floor, Brooklyn, NY 11201 (347) 296-8021 <i>Lendi-Vandredi, 9:00AM-5:00PM</i>
Manhattan (Pwent Sid)	79 John Street, 2 nd Floor, New York, NY 10038 (212) 618-8914 <i>Lendi-Vandredi, 9:00AM-5:00PM</i>
Manhattan (Pwent Nò)	361 West 125 th Street, 2 nd Floor, New York, NY 10027 (212) 749-0900 estansyon 125 <i>Lendi-Vandredi, 9:00AM-5:00PM</i>
Queens	168-25 Jamaica Avenue, 2 nd Floor, Jamaica, NY 11432 (718) 577-2148 <i>Lendi-Vandredi, 8:30AM-5:00PM</i>
Staten Island	120 Stuyvesant Place, 3 rd Floor, Staten Island, NY 10301 (718) 285-8400 <i>Sou randevou sèlman</i>

SANT POU EDE BIZNIS YO [BUSINESS OUTREACH CENTERS (BOCS)]

Pwopriyetè biznis yo kapab jwenn èd tou nan pwogram ki rele Sant pou Ede Biznis yo [Business Outreach Centers (BOCs)]. BOC yo ki toupatou nan Vil New York, gen konseye biznis pou ba ou konsèy sou sijè tankou, men pa sèlman:

- Kòmansman/agrandisman biznis
- Aksè nan finansman
- Devlopman plan biznis
- Jesyon ak èd legal
- Enfòmasyon sou lisans ak pèmi
- Pri pwodui

Kontakte biwo prensipal BOC ak biwo ki nan Manhattan yo nan:	
Business Outreach Center Network, Inc. Biwo Santral	85 South Oxford Street, 2 nd Floor Brooklyn, NY 11217 (718) 624-9115 info@bocnet.org
Bronx	1231 Lafayette Avenue, 2 nd Floor Bronx, NY 10474 (718) 532-2926 bronxboc@bocnet.org
Queens	96-11 40 th Road, Ground Floor Corona, NY 11368 (718) 205-3773 queens@bocnet.org
Chinatown/Lower East Side Business Outreach Center Chinatown Manpower Project	70 Mulberry Street, 3 rd Floor New York, NY 10013 (212) 571-1692 chinatown@bocnet.org
Upper Manhattan Business Outreach Center Washington Heights and Inwood Development Corporation	57 Wadsworth Avenue (kwen 176th St) New York, NY 10033-7048 (212) 795-1600 uppermanhattan@bocnet.org

BOC yo sipòte Nouvo Pwojè Mikwo-Antrepriz "Estil Biznis Ameriken [Business American-Style" Refugee Microenterprise Project], k ap:

- Ede refijye ki kalifye yo ak moun yo bay azil politik devlope ti biznis tout kote nan Vil New York.
- Ofri fòmasyon sou antrepriz pou yon tan kout ak pou anpil tan, konsèy endividyèl sou biznis, ak aksè nan prè jiska \$15,000 dola.
- Li la pou moun ki gen dosye imigrasyon espesyal, tankou refijye ak moun yo bay azil politik, patisipan Kiben ak Ayisyen, sèten Ameriken-Azyatik ki soti nan Vyetnam, ak rezidan pèmanan legal ki abitye gen youn nan sitiyasyon sa yo.

Kontakte Nouvo Pwojè Mikwo-Antrepriz Refijye "Estil Biznis Ameriken" nan:	
BOC Network, Inc.	(718) 624-9115
Staten Island BOC	(718) 816-4775
South Brooklyn BOC	(718) 253-5262
Met Council on Jewish Poverty	(212) 453-5262
National Albanian American Council (DC)	(202) 466-6900

LAGUARDIA SMALL BUSINESS DEVELOPMENT CENTER

LaGuardia Small Business Development Center se yon lòt òganizasyon ki kapab ede ti biznis yo avèk plan biznis yo, finansman, konfòmite avèk lisans ak règleman, ak ekspòtasyon machandiz ak sèvis.

Kontakte LaGuardia Small Business Development Center nan: 30-20 Thomson Avenue, Suite B309, Long Island City, NY 11101 (718) 482-5303 [laguardia.nyssbdc.org](http://www.nyssbdc.org) <http://www.nyssbdc.org/Selector/selector.html>(ou ka pran randevou yo sou entènèt oswa anpèsòn).

ADMINISTRASYON TI BIZNIS [SMALL BUSINESS ADMINISTRATION (SBA)] ETAZINI

Administrasyon Ti Biznis Etazini [U.S. Small Business Administration (SBA)] se ajans gouvènman federal ki bay èd pou ti biznis yo. Li ofri èd ki endike anba la a:

- Èd teknik (fòmasyon ak konsèy)
- Èd lajan
- Èd pou jwenn kontra
- Èd pou sekou nan katastwòf
- Entèpretasyon lwa ak règleman

Kontakte Biwo Distri New York SBA nan: 26 Federal Plaza, Suite 3100, New York, NY 10278 (212) 264-4354 oswa www.sba.gov/offices/district/ny/new-york

KI PWOGRAM KI ANPLAS POU EDE ANTREPRIZ KOMÈSYAL FANM YO POSEDE AK SA KI DEFAVORIZE YO FÈ BIZNIS AVÈK MINISIPALITE VIL LA?

Pwogram Sètifika Vil New York ankouraje onètete ak ekite nan pwosesis acha Minisipalite Vil la lè yo bay sèvis pou ede biznis minoritè yo ak biznis fanm posede yo ak biznis defavorize yo. Biznis sètifye yo jwenn pi bon aksè nan opòtinite kontra yo ak enfòmasyon sou sa nan klas, aktivite koneksyon sou rezo, ak solisasyon sible.

- **Pwogram pou Antrepriz Komèsyal Minoritè ak Antrepriz Komèsyal Fanm Posede [Minority and Women-owned Business Enterprise (M/WBE)]**

Pou biznis ki sitwayen ameriken (yo) oswa moun ki gen rezidans pèmanan (yo) posede, kontwòle oswa opere a 51% epi ki se manm (yo) nan gwoup (yo) minoritè deziyen tankou yon fanm oswa kèk fanm nwa, ispanik, azyatik—ameriken.

- **Pwogram pou Nouvo Antrepriz Komèsyal [Emerging Business Enterprise (EBE)]**

Pou pwopriyetè biznis ki nan dezavantaj sosyal oswa ekonomik. Yon moun dwe montre yo te eskli li anpil fwa nan sosyete ameriken jeneral la epitou li dwe montre esklizyon sa a te lakòz dezavantaj sosyal ak ekonomik ki ka verifye.

- **Pwogram pou Antrepriz Komèsyal Lokal [Locally-based Business Enterprise (LBE)]**

Pou biznis ki otorize fè biznis nan Eta New York k ap fè omwen 25% travay li nan yon zòn ki anba depresyon ekonomik nan Vil New York oswa ki anplwaye yon mendèv kote omwen 25% se moun ki defavorize sou plan ekonomik, pami lòt kondisyon pou kalifye.

Depatman Sèvis pou Ti Biznis [Small Business Services (SBS)] sètifye tout patisipan yo nan pwogram nan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou aplike pou sètifika a, kontakte Sèvis Ti Biznis Vil New York (NYC Small Business Services) nan nimewo (212) 513-6311 oswa ale sou sitwèb yo nan <http://www.nyc.gov/html/sbs/nycbiz/html/contact/contact.shtml>.

VENDOR ROADMAP

Vendor Roadmap pou Vandè se yon gid konplè Kontwolè Finansye Vil New York, Scott M. Stringer, te kreye, pou ede biznis yo lè y ap chèche fè biznis avèk gouvènman Vil New York. Vendor Roadmap bay gid etap-pa-etap pou enskri kòm yon vandè Minisipalite Vil la, konprann pwosesis acha a, epi devlope yon biznis. Chak etap gen egzijans ak enfòmasyon debaz pou vandè yo konsidere ak koneksyon nan resous enpòtan yo.

Pou jwenn yon kopi Vendor Roadmap epi pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis acha a, ale sou sitwèb Vendor Roadmap nan <http://comptroller.nyc.gov/vendorroadmap/>. Si ou gen kesyon konsènan pwosesis la oswa pwogram detaye a, ou ka kontakte Biwo Kontwolè Minisipalite Vil la nan nimewo (212) 669-3916 oswa nan adrès imèl nan vendorroadmap@comptroller.nyc.gov.

Sa a se yon konpilasyon òganizasyon, ajans gouvènman, ak lòt resous ki idantifye nan manyèl sa a epi ki kapab ede imigran yo pou anpil bezwen. Biwo ak resous sa yo gwoupe selon kalite bezwen, epi yo gen enfòmasyon pou pran kontak ladan yo.

Anyè Resous

Sa a se yon konpilasyon òganizasyon, ajans gouvènman, ak lòt resous ki idantifye nan manyèl sa a epi ki kapab ede imigran yo pou anpil bezwen. Biwo ak resous sa yo gwoupe selon kalite bezwen, epi yo gen enfòmasyon pou pran kontak ladan yo.

Sitwayènte	
CUNY Citizenship Now!	Biwo Prensipal: (646) 344-7245
Immigration Centers	<p>York College Welcome Center Atrium 94-20 Guy R. Brewer Blvd. Jamaica, NY 11451 (718) 262-2983</p> <p>Flushing Immigration Center 39-07 Prince St, Suite 2B Flushing, NY 11354 (718) 640-9223</p> <p>City College Immigration Center North Academic Ctr., 1-206, 160 Convent Ave. New York, NY 10031 (212) 650-6620</p> <p>CUNY Express 560 W. 181st St New York, NY 10033 (212) 568-4692</p> <p>Hostos Community College 427 Walton Street, T-501 Bronx, NY 10451 (718) 518-4395</p> <p>College of Staten Island, El Centro and Project Hospitality Immigration Center at The Help Center 514 Bay St. Staten Island, NY 10304 (718) 448-3470</p> <p>Medgar Evers College Immigration Center 1150 Carroll Street, Room 226 Brooklyn, NY 11225 (718) 270-6292</p>

Sitwayènte	
MinKwon Center for Community Action Immigration Legal Services	136-19 41 st Ave. 3 rd Fl. Flushing, NY 11355 (718) 460-5600 ** Pou sèvis aksè nan lang limite
New York City Bar Association Legal Referral Service	(212) 626-7373 (Lang Anglè) (212) 382-7374 (Panyòl)
Liy Dirèk Imigrasyon New York	(212) 419-3737 oswa (800) 566-7636
New York State Defenders Association Immigrant Defense Project	(212) 725-6422 www.immigrantdefenseproject.org
Northern Manhattan Coalition for Immigrants Rights, Èd Gratis avèk Aplikasyon pou Vin Sitwayen Ameriken ak Preparasyon Egzamen	(212) 718-0355 x305
Sèvis Selektif	(888) 655-1825 www.sss.gov
Sèvis Kliyantèl USCIS	(800) 375-5283 oswa (800) 870-3676 Mande fòm USCIS yo pa lapòs www.uscis.gov
KONSILA YO	http://www.nyc.gov/html/unccp/html/consular/nyc_list.shtml

Konsomatè ak Dwa Finansye	
Depatman Afè Konsomatè [Department of Consumer Affairs (DCA)] Vil New York	311 www.nyc.gov/consumers
Biwo DCA pou Endepandans Finansye	311 http://www.nyc.gov/html/ofe/html/home/home.shtml
Neighborhood Economic Development Advocacy Project (NEDAP)	212-680-5100

Depòtasyon Ak Gadavi	
Defansè Bronx (Bronx Defenders)	(718) 838-7878
Divizyon Libète sou Kondisyon Eta New York nan Inite Egzekitif Klemans	97 Central Avenue Albany, NY 12206
Families for Freedom	(646) 290-5551
Pwojè pou Defans Imigran (Immigrant Defense Project)	(212) 725-6422
Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn	NY: (212) 264-4213 NJ: (973)-645-3666
Inite Lwa Imigrasyon pou Èd Legal (Legal Aid Immigration Law Unit)	(212) 577-3456 <i>Mèkredi ak vandredi apremidi</i>

Depòtasyon Ak Gadavi	
Kowalisyon Nò Manhattan pou Dwa Imigran (Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights)	(212) 781-0355 x305

Domestic Violence	
Liy Dirèk pou rapòte Vyolans nan Kay	(800) 621-HOPE (800) 621-4673
Liy Dirèk 24 sou 24 Eta Nouyòk pou Abi sou Timoun	(800) 342-3720
Sèvis Vil New York pou Moun ki Viktim nan Vyolans nan Kay	311 http://www.nyc.gov/html/ocdv/html/home/home.shtml
Liy Dirèk Safe Horizon Domestic Violence	(800) 621-HOPE (4673)

EDIKASYON	
Advocates for Children (AFC)	(212) 947-9779 oswa (866) 427-6033
Divizyon Angajman Fanmi ak Kominote Depatman Edikasyon [Department of Education (DOE)]	(212) 374-2323 schools.nyc.gov/Offices/OFEA
Komisyon Edikasyon Kominotè DOE	(212) 374-2323 schools.nyc.gov/Offices/CEC
Biwo DOE pou Transpò Elèv	(718) 392-8855 schools.nyc.gov/Offices/Transportation
Nouvo Elèv DOE – Chwa ak Enskripsyon	http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/default.htm
Andedan Lekòl yo (Inside Schools)	(866) 427-6033 www.insideschools.org
Legal Services for New York City	(212) 431-7200
Mexican American Legal Defense and Education Fund	http://www.maldef.org/assets/pdf/1415_MALDEF_Scholarship.pdf
Students Opening Doors for Others	http://www.neighborhoodlink.com/Students_Opening_Doors_For_Others_SODO/pages/456022
Enfòmasyon sou Pòs Travay Lib nan Administrasyon Vil New York pou Sèvis Timoun [Administration for Children's Services (ACS)]	311 oswa (212) 853-7150
Règleman A-443 Chanselye Vil New York: Disiplin Elèv yo	http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ChancellorsRegulations/default.htm
NY Legal Assistance Group	(212) 613-5000

DEKRÈ EGZEKITIF 41**Biwo Majistra pou Zafè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs)**

311

SWEN SANTE**Sante ak Sosyete Lopital (Health & Hospitals Corporation): Komisyon Konsiltatif Kominote [Consumer Advisory Board (CABs)]**(212) 788-3349
www.nyc.gov/hhc**Liy Èd Medicaid HRA**

(888) NYC-6116

Komisyon pou Dwa Moun Vil New York (NYC Human Rights Commission)

311 oswa (212) 306-7450

Biwo Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (US Department of Health and Human Services)

(212) 264-3313

LOJMAN**Sèvis Prevansyon Sitiyasyon Sanzabri Sant MinKwon pou Aksyon Kominotè**136-19 41st Ave. 3rd Floor
Flushing, NY 11355
(718) 460-5600
** pou sèvis aksè nan lang limite**Komisyon Vil New York pou Dwa Moun**

(212) 306-7500

Depatman Sèvis Sanzabri Vil New York (NYC Department of Homeless Services)

(800) 994-6494

Depatman pou Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (NYC Department of Housing Preservation and Development)

311

Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York (New York State Division of Housing and Community Renewal)

(718) 739-6400

FWOD KONSILTAN NAN AFÈ IMIGRASYON**Komisyon Kontestasyon Imigrasyon [Board of Immigration Appeals (BIA)]**www.usdoj.gov/eoir**Biwo Pwogram Afè Imigran (Immigrant Affairs Program) Pwokirè Distri Manhattan**One Hogan Place, Rm 753A
New York, NY 10013
(212) 335-3600**INITE FWOD KONT IMIGRAN BIWO Pwokirè Distri Brooklyn**350 Jay Street, 16th Floor, Brooklyn, NY
11201 (718) 250-3333

FWOD KONSILTAN NAN AFÈ IMIGRASYON	
Inite Fwod Kont Imigran Biwo Pwokirè Distri Queens	125-01 Queens Boulevard Kew Gardens, NY 11415 (718) 286-6690
Depatman Afè Konsomatè [Department of Consumer Affairs (DCA)] Vil New York	311 www.nyc.gov/consumers
Liy Dirèk Imigrasyon New York	(212) 419-3737 oswa (800) 566-7636
Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York	(800) 771-7755
Sistèm Tribinal Inifye Eta New York, Inite Anrejistreman Avoka	(212) 428-2800 www.nycourts.gov

AKSÈ NAN LANG	
Biwo Majistra pou Zafè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs)	311

REZIDANS PÈMANAN LEGAL	
Biwo Majistra pou Afè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs) ak Biwo Kongrè	311
Liy Dirèk Imigrasyon New York	(212) 419-3737 oswa (800) 566-7636

AVANTAJ PIBLIK	
Administrasyon Lojman Vil New York [NYC Housing Authority (NYCHA)]	Bronx/Manhattan 478 E. Fordham Rd., 2 nd Fl., Bronx, NY 10458 (718) 707-7771
	Brooklyn/Staten Island 787 Atlantic Ave. 2 nd Fl., Brooklyn, NY 11238 (718) 707-7771
	Queens 90-27 Stuphin Blvd., 4 th Fl., Jamaica, NY 11435 (718) 707-7771
	Voye Aplikasyon pou Lojman Piblik ak Seksyon 8 ba NYCHA P.O. Box 1342 Church Street Station New York, NY 10008
Biwo Koupon pou Manje Administrasyon Resous Imèn [Human Resources Administration (HRA)] Vil New York	311 oswa http://www.nyc.gov/html/hra/html/services/snap_centers.shtml

AVANTAJ PIBLIK	
Biwo Sant Travay HRA	311 oswa http://www.nyc.gov/html/hra/html/services/job_centers.shtml
Èd Lajan Kach HRA pou yon Ti Tan	311 oswa http://www.nyc.gov/html/hra/html/services/cash.shtml
Sèvis Avantaj Piblik Sant MinKwon pou Aksyon Kominotè	136-19 41 st Ave. 3 rd Fl. Flushing, NY 11355 (718) 460-5600 ** pou sèvis aksè nan lang limite
Administrasyon Sekirite Sosyal [Social Security Administration (SSA)]	(800) 772-1213

TI BIZNIS	
Sant Èd pou Biznis	<p>Biwo Santral: North Brooklyn 85 South Oxford St, 2nd Fl. Brooklyn, NY 11217 (718) 624-9115 northbrooklyn@bocnet.org info@bocnet.org</p> <p>Bronx 866 C Hunts Point Ave Bronx, NY 10474 (718) 842-8888 huntspoint@bocnet.org</p> <p>Chinatown/LES Chinatown Manpower Project 70 Mulberry Street, 3rd Fl., New York, NY 10013 (212) 571-1692 Chinatown@bocnet.org</p> <p>Queens 96-11 40th Rd., Ground Fl., Corona, NY 11368 (718) 205-3773 queens@bocnet.org</p> <p>South Brooklyn 1546 Coney Island Ave., Suite 2, Brooklyn, NY 11230 (718) 253-5262 southbrooklyn@bocnet.org</p> <p>Staten Island West Brighton Community Local Development Corporation 1207 Castleton Ave, Staten Island, NY 10310 (718) 816-4775</p>

TI BIZNIS	
	<p>Pati Nò Manhattan Washington Heights and Inwood Development Corporation 57 Wadsworth Ave. (176th St) New York, NY 10033-7048 (212) 795-1600 uppermanhattan@bocnet.org</p>
Nouvo Pwojè Mikwo-Antrepriz Refijye "Estil Biznis Ameriken" nan	<p>BOC Network (Biwo Santral) (718) 624-9115</p> <p>Staten Island BOC (718) 624-9115</p> <p>South Brooklyn BOC (718) 253-5262</p> <p>Met Council on Jewish Poverty (212) 453-5262</p> <p>National Albanian American Council (DC) (202) 466-6900</p>
LaGuardia Small Business Development Center	<p>30-20 Thomson Ave. Suite B309 Long Island City, NY 11101 (718) 482-5303 or www.nyssbdc.org</p>
Met Council on Jewish Poverty	<p>80 Maiden Lane 21st Fl., New York, NY 10038 (212) 453- 9500 (Ris)</p>
National Albanian American Council (DC)	<p>(202) 466-6900 (Albanè)</p>
Pwogram Solisyon Biznis Vil New York	<p>311 www.nyc.gov/sbs</p>
NYC Business Solutions Center Offices	<p>Bronx 358 East 149th St, Bronx, NY 10455 (718) 960-7988</p> <p>Brooklyn 9 Bond Street, 5th Fl., Brooklyn, NY 11201 (718) 875-3400</p> <p>Lower Manhattan <i>Anba kontwòl Seedco</i> 79 John Street, New York, NY 10038 (212) 618-8914</p> <p>Upper Manhattan <i>Anba kontwòl Seedco</i> 215 W. 125th St, 6th Fl., New York, NY 10027 (917) 493-7243</p>

TI BIZNIS	
	Queens 168-25 91 st Ave., 2 nd Fl., Jamaica, NY 11432 (718) 577-2150 <i>Madi, Jedi, Vandredi 8:30-5:00pm</i>
Depatman Afè Konsomatè Vil New York (NYC Department of Consumer Affairs)	311 www.nyc.gov/consumer
Sant ki Bay Lisans nan Vil la pou Depatman Afè Konsomatè Vil New York	(212) 487-4436
Depatman Sèvis pou Ti Biznis Vil New York (Department of Small Business Services)	(800) U-ASK-SB oswa (800) 827-5722 www.nyc.gov/sbs
Administrasyon Ti Biznis Etazini – Biwo Distri New York	26 Federal Plaza, Suite 3100, New York, NY 10278 (212) 264-4354 www.sba.gov/localresources/district/ny/ny/index.html
DEKLARASYON TAKS SOU REVNI	
Kredi Taks nan Revni Pwofesyonèl	311 www.nyc.gov/eitc
Depatman Afè Konsomatè Vil New York (NYC Department of Consumer Affairs)	311 www.nyc.gov/consumer
Sant Èd Internal Revenue Service pou Kontribiyab	(800) TAX-FORM (829-3676)
Aplikasyon Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyèl [Individual Taxpayer Identification Number (ITIN)]	www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw7.pdf (Lang Anglè) www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw7sp.pdf (Panyòl)
Voye Aplikasyon yo pa lapòs nan: IRS Austin Service Center ITIN Operation	IRS Austin Service Center ITIN Operation P.O. Box 149342 Austin, TX 78714-9342
VOTE AK PATISIPASYON SIVIK	
Inite Èd Kominotè Majistra	311
Biwo Komisyon Eleksyon Vil New York	Biwo Prensipal 32 Broadway, 7 th Fl., New York, NY 10004-1609 (212) 487-5300 (866) VOTE-NYC (868-3692) (212) VOTE-NYC (868-3692) www.vote.nyc.ny.us Demann Vòt-pa-Korespondans www.vote.nyc.ny.us/absentee.html

VOTE AK PATISIPASYON SIVIK

	<p>Biwo Manhattan 200 Varick Street, 10th Fl., New York, NY 10014 (212) 886-2100</p> <p>Biwo Bronx 1780 Grand Concourse, 5th Fl., Bronx, NY 10457 (718) 299-9017</p> <p>Biwo Brooklyn 345 Adams Street, 4th Fl., Brooklyn, NY 11201 (718) 797-8800</p> <p>Biwo Queens 126-06 Queens Blvd., Kew Gardens, NY 11415 (718) 730-6730</p> <p>Biwo Staten Island 1 Edgewater Plaza, 4th Fl., Staten Island, NY 10305 (718) 876-0079</p>
Gwoup Rechèch sou Enterè Piblik Vil New York [New York Public Interest Research Group (NYPIRG)]	(212) 349-6460

DWA ELEKTÈ

Komisyon Etazini pou Opòtinite Travay Egalego Pou Tout Moun [Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)] Etazini Etazini	33 Whitehall Street, New York, NY 10004 (800) 669-4000
Sèvis Edikasyon ak Gid pou Tifi [Girls Educational and Mentoring Services ("GEMS")]	(212) 926-8089
Legal Aid Society Employment Law Project	(888) 218-6974
Sèvis Legal pou Dwa Fanm Sant MinKwon pou Aksyon Kominotè	136-19 41st Ave. 3 rd Floor, Flushing, NY 11355 (718) 460-5600 ** pou sèvis aksè nan lang limite
MFY Legal Services	(212) 417-3838 <i>Lendi ak madi: 2 – 5 PM</i>
Komisyon Vil New York pou Dwa Moun	40 Rector Street, 10 th Floor New York, NY 10006 (212) 306-7450 oswa 311
Kontwolè Finansye Vil New York	(212) 669-3916
Depatman Sèvis pou Ti Biznis Vil New York (Department of Small Business Services)	311

DWA ELEKTÈ

<p>NYC Workforce 1 Career Centers</p>	<p>Bronx 400 East Fordham Road, Bronx, NY 10458</p> <p>Brooklyn 9 Bond St, 5th Fl., Brooklyn, NY 11201</p> <p>Brooklyn Central Library 10 Grand Army Plaza, 2nd Fl., Brooklyn, 11238</p> <p>Far Rockaway 1637 Central Avenue, Far Rockaway, NY 11691</p> <p>Pati Nò Manhattan 215 West 125th St, 6th Fl., New York, NY 10027</p> <p>Queens 168-25 Jamaica Ave., 2nd Fl., Jamaica, NY 11432</p> <p>Staten Island 60 Bay Street, Staten Island, NY 10301</p>
<p>Komite New York pou Sekirite ak Sante nan Travay [New York Committee for Occupational Safety and Health (NYCOSH)]</p>	<p>(212) 227-6440 www.nycosh.org</p>
<p>Biwo Pwokirè Distri Konte New York (Manhattan) , Inite Kont Krim Sèks</p>	<p>(212) 335-9373</p>
<p>Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition)</p>	<p>(212) 627-2227</p>
<p>Divizyon Travay Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York</p>	<p>(212) 416-8700</p>
<p>Biwo Dwa Travayè Imigran Depatman Travay Eta New York</p>	<p>(877) 466-9757</p>
<p>Biwo Travo-Piblik Depatman Travay Eta New York</p>	<p>(212) 775-3568</p>
<p>Divizyon Dwa Moun Eta New York</p>	<p>One Fordham Plaza, 4th Floor, Bronx, NY 10458 (718) 741-8400</p>
<p>Depatman Travay Eta New York, Divizyon Kondisyon Travay</p>	<p>75 Varick Street, New York, NY 10013 (212) 775-3880</p>
<p>Divizyon Asirans Chomaj Depatman Travay Eta New York</p>	<p>Ranpli aplikasyon nan telefòn oswa sou sitwèb ki anba la a</p>

DWA ELEKTÈ	
	(888) 209-8124 http://www.labor.ny.gov/unemploymentassistance.shtm
Liy pou Pote Plent ba Gwoup Travay sou Trafik Moun ak Eksplwatasyon Travayè	(888) 428-7581
Biwo Rejyonal OSHA Depatman Travay Etazini	201 Varick Street, Room 670 New York, NY 10014 (212) 337-2378 oswa (800) 321-6742 (liy dirèk pou ijans)
Biwo Manhattan OSHA Depatman Travay Etazini	201 Varick Street, Room 908 New York, NY 10014 (212) 620-3200
Divizyon Salè ak Orè Travay Depatman Travay Etazini (US Department of Labor, Wage & Hour Division)	<p>Biwo Distri Vil New York 26 Federal Plaza, Rm 3700, New York, NY 10278 (212) 264-8185 oswa (866) 487-9243</p> <p>Biwo Zòn Brooklyn 2 Metro Tech Center, 7th Fl., 100 Myrtle Ave Brooklyn, NY 11201</p>
Komisyon Konpansasyon Travayè	<p>(800) 877-1373</p> <p>Brooklyn 111 Livingston St., 22nd Fl., Brooklyn, NY 11201</p> <p>Bronx/Manhattan 215 W. 125th St., New York, NY 10027</p> <p>Queens 168-46 91st Avenue, Jamaica, NY 11432</p> <p>Staten Island 60 Bay Street, Staten Island, NY 10301</p>





Kontwolè Finansye Vil New York
Scott M. Stringer

Bilding Minisipal • 1 Centre Street, 5th Floor • New York, NY 10007
Telefòn (212) 669-3500 • Faks (212) 669-8878
www.comptroller.nyc.gov